Дыгъэгъаззэм и 4-м УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр хах

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№229 (22.137) ● 2011 гъэм дыгъэгъаззэм (декабрым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Зэхъэзэхуэ

НэхъыфІхэр ягъэнаІуэ

Дыгъуасэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Правительствэм и Унэм щыІущІащ УФ-м и мыгъэрей продукцэ нэхъыфІу 100 къыщыхаха Урысейпсо зэхъэзэхуэм щытекІуэхэмрэ КъБР-м и Президентым фІагъымкІэ игъэуба саугъэтыр зыхуагъэфэща предприятиэхэм я унафэщІхэмрэ. А зэпеуэхэр гъэ къэс ирагъэкІуэкІ Урысей Федерацэм Метрологиемрэ стандартизациемкІэ и центрымрэ абы Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэмрэ.

- ДЭ КЪЫТПЭЩЫЛЪЩ и фІагъкІэ дуней псом щыгъэ, абы щыгъэми я уасэкІэ пуд хьэпшыпхэр къыщыщІагъэкІ ІэнатІэхэр кьызэдгъэпэщыну. Абы папщІэ ди промышленностым ІыабжьІ хуэщІыпхъэщ иджырей зэманым къэнэхуагъащІэ инновацІэ технологиехэр. АпхуэдэщІыкІэкІэ Іэмал дгъуэтынущ хьэрычэт мащІэмрэ курытымрэ зедгъэжьыну. А Іуэхухэм гъэжьынымкІэ хуэунэтІащ хамэ къэрал инвесторхэр къызэрэтшалІэри, ди предприятхэмэ я технологиер иджырейхэмкІэ зэрытхъуэжри, - зэІущІэр къыщыдзэІухьым жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Президентым къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэ Федеральнэ округым и администрацэм къаруущуэ зэрыригъэлІэр абы хинубыдэ щыІнатІэхэм я экономикэм зегъэужьыным хуэунэтІауэ. ПсалъэмпапщІэ, Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ корпорацэм къыдэзыгъэпэщІащ, округым щекІуэкІ лэжьыгъэм кууэ къыхишащ «Внешэкономбанк»-р, къэрал щэсыпІэу сом меларди 100 ирысей Федерацэм и бюджетым хагъэхьащ, республикэм щагъэжьыну экономикэ Іуэгъуэхэм хуэунэтІауэ. Абы кьыхэкІыуи, къэрыучэтыщІэхэм чэнджэщ яритащ нэхъ тегушхуауэ икІи егупсысауэ проектхэр ягъэхьэзырыным, КъБР-м и щыхьэм я фейдэ зыхьэль Іуэху псори ядмІыгъыну кьитэгугъахэщ.

Республикэм и Президентым кьызэригъэпэгъуамкІэ, фІагъышхуэ зиІэ хьэрычэтыщІэ проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэхьэзыращ, ахэр тынущ щыпхьыкІащ Урысей Федерацэм и къэрал финанс Іуэхущапэхэм. Псалъэм папщІэ, апхуэдэщ гуэгушыл кьыщІэзыгъэкІыну фермэр кьызэрэпэщыным, «Агро++ фирмэм хуабэщхэр нууэным, иджырей технологиещІэхэм тещыхьа жыг хадэхэр хэсэным, гъэшхэкІ комплексыщІэ зэтеубгъэжыным, тхытыпмпІэ кьыщІэгъэкІыным теухуахэр, нэгъуэщІхэр.

Къанокъуэ Арсен гуапэу ехъуэхъуащ урысейпсо, республикэпсо зэхъэзэхуэхэм продукцэм и фІагъымкІэ щытекІуа Іуэхущапэхэм икІи я зэфІэкІыр къыщыгъэлъэгъуа ЩІыхь тхьытхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ абы я унафэщІхэм яритыжащ.

Я продукцэр Урысей псом щынэхъыфІу къаІытащ «Налшык гъэшхэкІ комбинат» ООО-м и «Брынза» кхъуейр, «Гермес Ника» ЗАО-м и «Налшык» наутсанэр, «Жако» ІэфІыкІэ фабрикэм и «Аты-баты» кІэнфетыр, «Кавказкабель» заводым и «Соббит-КВК» кабель іЭуэжьыгъуэр. Апхуэдэу а зэхьэзэхуэм ящыІэмрэ ІэфІыкІэ фабрикэм и «Метеоритный дождь» кІэнфетыр, «Телемеханика» заводым и светодиод уэздыгъэхэр, «Лэгъупыкъу» сабий санаторэр.

КъБР-м и Президентым фІагъымкІэ игъэуба саугъэтыр зыхуагъэфэща Іуэхущапэхэр 20 нэхъу. Абыхэм ящыщщ «Кавказкабель», «Тэрчналмэс», «ЗЖБИ-2» заводхэр, «Налшык» гъэшхэкІ комбинат, «Жако» ІэфІыкІэ фабрикэ, «Симба-К», «НалшыкщІакхъуэ», «Консерпром», «Велес» акционер обществэхэр, нэгъуэщІхэри.

«Налшык и хьэлвэ завод» акционер обществэр щытекІуар Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа зэпеуэм и закъуэкІым. Абы и пивэм пашэныгъэр къыщыхьащ Мюнх ен (Германие) щыІа «Европэм и пивэ вагъуэ» зэхьэзэхуэми. Хьэрхуэрэгъуэм яхэтащ къэрал 39-м щащІ пивэ лІэужьыгъуэу 113-рэ, ауэ фІагъыр къэзыщыта Іуэхущапэ 100-м къыхахар Налшык и хьэлвэ заводым къыщІигъэкІаращ.

ШЭДЖЭМ Тыгъуэн.

● Налшык къалэ

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Сабийхэм я тыгъэ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ щыІащ Налшык и еджапІэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ зым - курыт школ №9 муниципальнэ Іуэхущапіэм.

МЫ ШКОЛЫМ и унэр Налшык къалэр зыгъэдахэ ухуэнигъэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщу къекІуэкІащ. Ар 1936 гъэм фокІадэм и 1-м къызэІуахауэ щытащ. Иджыпсту абы щІэсхэм предмет щхьэхуэхэр хэхауэ нэхъ куууэ ирагъэдж. Псори зэхэту абы щоджэ сабий 1200-м щІигъу.

Республикэм и Іэтащхьэм къыІущІащ школым и унафэщІ Коротких Ольгэрэ егъэджакІуэхэмрэ. «АтІэ егъэджакІуэхэр сыт нэхъ гугъу езыгъэхьыр?», - щІэупщІащ Къанокъуэ Арсен. Абы и жэуапу бысымхэм жаІащ, егъэджакІуэ псоми хуэдэу, мы школым щылажьэхэми я улахуэр зэрыцыкІур. Ауэ ахэр зыщІэлъэІуар нэгъуэщІщ - школакІуэхэр дунеипІъэ зэрращэн автобусщ. Республикэм и Іэтащхьэм мы Іуэхур зэфІигъэхІыну Правительствэм и пщэ ирилъхьащ. Апхуэдэу Президентым КъБР-м спортымкІэ и министрым къалэн щищІащ аэярыбгъуклІэ къищІыкІа мини-футбол джэгупІэр уху уэнэр нэхъ псынщІэу зэфІигъэкІыну.

Унэр къызэхакІуэха, еджакІуэхэм спорт зэхьэзэхуэхэм къыщахьа кубокхэмрэ щІыхь тхыльхэмрэ ирагъэльэгъуа ящыщ. Къанокъуэ Арсен тхыдэмкІэ уроки щІэсыну ирагъэбгъэгащ. Ар теухуауэ щытащ иджыпсту мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхуэм - хэхьыныгъэхэр зэрекІуэжІынум. Президентыр апхуэдэу едэІуащ класс нэхъыбэхэм ящыщ зым балъкъэрыбзэ зэрыщрагъэджым.

АдэкІэ Къанокъуэ Арсен ирагъэльэгъуащ сабийхэм пхъэм къыхэщІыкІа Іэмэпсымэ зэмылІуэжьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщу хьэщІэм вертолетым и моделыр тыгъэ къыхэущІащ «мыхьэнэшхуэ зиІэ къэрал Іуэхуэхэр щыдитэкІкІэ Президентым нэхъ псынщІэу къикІуэхьыфын папщІэ». Къанокъуэ Арсен школым и бутефтми щІыхьащ, ІэфІыкІэхэм едэхэщащ икІи ахэр фІы дыдэу гъэхьэзырауэ къыльытащ.

Республикэм и Президентым школыр зэрызэрахьэр хуабжьу игу ирихьащ икІи къалэм и Іэтащхьэм хуитгъэуващ мы Іуэхуэщ Іапіэм и унафэщІым щІэ лъапІэ къыфІащІ папщІэ къыхилъхьэну.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущапіэ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зэіущіэхэр ■ Жыжьэ - гъунэгъу ■ Дифі догъэльапіэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Унафэхэр ■ Щбгт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Мы махуэхэм

Дыгъэгъаззм и 3, щбэт

■ Зи узынщагъэм кьимытІасэ щІыхуэм я дуней псом махуэщ

■ Пестицидэм ебэныным и дуейпсо махуэщ

■ Юристым и махуэщ

■ Хоккеим и урысейпсо махуэщ

■ 1935 гъэм Андерсон Ганс и таурыхъэр зэрыт яп э тхылъыр дуней щыІэ къэтащ.

■ 1959 гъэм «Ленин» мылькъутэ атом кхъухьыр дунейм щыІэпэу псым техьащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритыкІэ, Налшык щыщытынущ. Хуабэу махуэм градуси 2, жэщым зы градус щыІэнущ.

Дыгъэгъаззм и 4, тхьэмахуэ

■ Урысей Федерацэм щекІуэкІынущ Къэрал Думэм и еханэ зэхуэсым и депутатхэмрэ Урысейм и щыналъэ 27-м я хабзэгъэзыр органхэм я депутатхэмрэ я хахыныгъэхэр.

■ Словениемрэ Парламентым и зи мычэзу хэхыныгъэхэр щызэхэтынущ.

■ Хорватиемрэ и парламентым хэтыныхэр хахынущ.

■ Дыгъэгъаззм и 4 - 8-хэм Дохэ (Катар) щызэхэтынущ щІыдагъэмкІэ 20-нэ Дунейпсо конгресс.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритыкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Махуэм хуабэу зы градус, жэщым щыІэу градуси 3 щыІэнущ.

Дыгъэгъаззм и 5, бгъыцхъэ

■ Тайланд пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - 1927 гъэм кьалъхуащ я пащтыхь. Пумипон Адульядет (Рама IX).

■ Боннрэ (Германие) щекІуэкІынущ Афганистаным и гугъуехьхэм теухуа дунейпсо конференц.

■ Дыгъэгъаззм и 5 - 11-хэм Каир (Мысыр) щекІуэкІынущ Урысейм и хьэрычэтыщІэм и тхьэмахуэ.

■ 1941 гъэм Дзэ Плъыжьым Москва и дежи къмыцІэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэм ебгъэрыкІуэн щыщІидзащ.

■ 1936 гъэм СССР-м и Конституцэр кІащтащ. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Областыр Къэбэрдей-Балъкъэр Автоном Совет Социалист Республикэ хъуащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритыкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ, махуэм хуабэу градуси 8, жэщым щыІэу градуси 3 щыІэнущ.

ПІалъэр зыгъэхьэзырар **ГУЩІОЗ Зарифи.**

Хуэхуэ

И зэфІэкІым хэхьуэ зэпытУ куэдрэ псэуну

Щыпсэу Тырку щыналъэми и адэжь хэкуми щыцІэрыІуэ уэрэдж, уэрэджыІакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ Къущхьэ Догъэн и ныбжьыр ноБэ ильэс 55-рэ ирокъу. Льэпкъ гъуаз джэм гурэ псэкІэ зэрыхуэлажьэм папщІэ Къущхьэм ильэс зыбжанэ и пэкІэ хуаъэфэщауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ льапІэр.

Льэпкъ Іуэхур сыт щыгъуи яп э изыгъэщ, ныбжьэгъугъэр зыгъэльапІэ цІыху щыпкъэм, хэкупсэ нэсым ди гуапэу дохьуэхьу узынщэу, и жрадгъэр кьехьулІэу, и зэфІэкІым хэхьуэ зэпыту куэдрэ псэуну.

Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ».

(Къущхьэ Догъэн теухуауэ кьыдэкІыгъуэм и 3-нэ напэкІуэцІыр).

Унафэ ящІынут

Франджымрэ Германиемрэ кьыхальхьэ Евросоюзыр кьыдэзыгъэпэщІащ

къэщтэн хуейуэ. Ар въэмахуэ и щыхьэщхьэм, Брюссель щекІуэкІыну Евросоюзым и саммитым щІидзэным зы тхьэмахуэ и1эжу, журналистхэм жаріаІащ Франджым и президент Саркози Николя. Абы кьыхельхьэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ унафэхэр ЕС-м хэт къэралхэм я «нэхъыбэм, нэхъ Іэзэ гупхэм» кьаштэну хуит ящІынур. НоБэкІэ апхуэдэ унафэхэр Евросоюзым хэт къэрал псори зэдгъэзыгъэ пхащІэныгъэхэщ.

Саркози щэч кьытрихьэрэкъым унафэхэм я нэхъыбэр къэщтэным къэрал псори хэлъэжьыхьыр зэрыхуэмейм, Евросоюзым и къэрал нэхъыщхьэхэм я къаурыр абы папщІэ ирикъуну жеІэ.

А Іуэхум ехьэлІа жэрдэмыр хьэзыр хъунущ ФРГ-м и федеральнэ канцлер Меркель Ангелэрэ Франджым и президент Саркози Николаярэ Париж дыгъэгъаззм и 5-м щызэІущІэу зэпсэльа нэужь.

Япэ удыныр

Экологхэр егъэлеяуэ егъэгъавэ нужьрей нльэсхэм ди щІым и кьыхэм я щхьэ хуабэ зэрыхьэм, дзырышту дунейм и хьэуарэ иджы зэрыпхъуабэм кьыхэкІыу.

- Дэ, щІэныгъэлІхэр, икъукІэ дегъэнэщхьей хьэхэм я псыр нэхъ хуабэ зэрыхьэм Дурбан щекІуэкІ зэпсэльныгъэхэм и гугъу зэрыщамыІыкІ. Политикхэм къыгурыІуэн хуейр ди ЩІым гъащІэ щыІэныкІэ хьэм и псым кьалэнышхуэ зэрирэзащІэр, - жеІэ дуней щытыкІэм зэрызихьэжьым теуухауэ ООН-м и Конвенцэм и 17-нэ конференцым хэт, Инджылызым и щэныгъэлІ Терми Кэрроп.

Абы кьызэригъэльагъэмкІэ, дзыхьэхІэу ильэси 10-м кьриубыдэу хы псоми я псым и хуабагъым зиІэтынущ, я «зушІыкІагъэр» егъэлеяуэ я къызэрыкъуту. Ар къыхохеІ хаутІыпщхь» газхэм я зэранкІэ хьэуар нэхъ хуабэ зэрыхьэм. АпхуэдэщІыкІэкІэ, хы псым и кьатхэм, абы и псы щхьэфэм, хьэуам щекІуэкІ газ зэхъуэжьыныгъэр зэтекьутэнуэ, псым биологие, химие, физикэ, щытыкІэхэм захъуэжьынущ.

Хыхэм ящІыгу ди ЩІым я ныхъо планэр икІи дыгъэрыбауэ хьэуам и ныкъуэр кьыдэзытыр аращ. Іуэхум зэхъуэкІыныгъэфІэр ирамыгъэтъуэтмэ, яп э удыныр зыгъэшынуэр бдзэжьей зэрецэм эпсэхуэ цІыху мелуан 500-рщ .

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 104, 105 статьяхэм зэхъуэжьынигъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ** :

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2004 гъэм щІышылэм и 21-м къыдигъэкІа Унафэ №18-ПП-мкІэ кьищтам, мы кьыкІэтыкІуэ зэхъуэжьынигъэхэр хэлъхьэн:

1. 104 статьям хэт «хуагъэувкэм кьеэзгъыркъым» псалъэхэр зэхъуэжьынущ «хуагъэувкэм кьемызэгъыу кьыхальхьащ» жиІэу.

2. 105 статьям хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм,» псалъэхэм кьакІэтыкІуэу дэщІыгъужьи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм,» жиІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м
№921-ІІ-ІІ

Журт Роберт Биберд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №1-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Журт Роберт Биберд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Налшык къалэм и суд участкэ №1-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м
№918-ІІ-ІІ

Куэшей Мурат Джэбрэил и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан районым и суд участкэ №4-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Куэшей Мурат Джэбрэил и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Аруан районым и суд участкэ №4-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м
№919-ІІ-ІІ

Улбащ Аскэр Хьэбыж и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лэскэн районым и суд участкэ №1-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 100 статьям и Іыхьэ 1-м и «и» пунктым, 117 статьям и Іыхьэ 3-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкІуэ и судыщІэхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6 статьям япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Улбащ Аскэр Хьэбыж и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лэскэн районым и суд участкэ №1-м зэзыгъэкІуэ и судыщІэм и кьулыкъум ильэситху пІалъэкІэ гъэувын.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м
№920-ІІ-ІІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лЫкІуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, туризмымрэ спортымкіэ и комитетым ягъакІуэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и Регламентым и 20 статьям ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ, туризмымрэ спортымкіэ и комитетым хэтыну гъэкІуэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Бабаев Хьусей Хьэмид и къуэр.

2. Мы Унафэр Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм хуегъэхьыж.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м
№921-ІІ-ІІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 104, 105 статьяхэм зэхъуэжьынигъэхэр хэлъхьэныр и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ** :

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2004 гъэм щІышылэм и 21-м къыдигъэкІа Унафэ №18-ПП-мкІэ кьищтам, мы кьыкІэтыкІуэ зэхъуэжьынигъэхэр хэлъхьэн:

1. 104 статьям хэт «хуагъэувкэм кьеэзгъыркъым» псалъэхэр зэхъуэжьынущ «хуагъэувкэм кьемызэгъыу кьыхальхьащ» жиІэу.

2. 105 статьям хэт «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм,» псалъэхэм кьакІэтыкІуэу дэщІыгъужьи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм,» жиІэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м
№968-ІІ-ІІ

● Щыпагъэуэншагъэ

Жэщи-махуи я нэІэм щІэтщ

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и хэхьныгъэхэр екІуэкІыным махуитІкІэ и пэ иту КъБР-м щыІэ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхьпІэ участкэ псори хьэгъэхэр ящІыгуну щІапщІыкІащ икІи жэщи-махуи яхьумэнущ.

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и хэхьныгъэхэр екІуэкІыным махуитІкІэ и пэ иту КъБР-м щыІэ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и хэхьпІэ участкэ псори хьэгъэхэр ящІыгуну щІапщІыкІащ икІи жэщи-махуи яхьумэнущ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей дыгъуасэ селектор зэІущІэ щыІналъэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм ядригъэкІуащ. Хэхьныгъэхэм ирихьэлІэу жылагъуэ хабзэмрэ щІыхьэм я щыпагъэуэншагъэмрэ кьызэгъэпэща зэрыхъуам абыхэм министрыр щыгъуазэ ящІащ.

Гупылитэ щхьэхуэ я1ыгъащ иджыблагъэ КТО-р щыгърахьжа районым. Абыхэм щытыкІэр кьыщІэзыщІэлъэмэз, зэфІэхьпхъэхэр яубзыхуащ. Министрым кьыхэсщащ зэхьныгъэхэр щекІуэкІкІэ щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, а щІыналъэхэм щыІэ хэхакІуэ комиссэхэм я унафэщІхэм зэхъуэгъу ядалэжьэн зэрыхуейр.

ЩыпэнкІэ хьуну щІэпхъаджагъэхэм, кьэхъуакащІэхэм, хабзэр кьызэрызэпаудам я1ыгъуэ хьыбархэр щІыхухэм зыхуаІэтэну «линэ пщтыркэр» УФ-м КъБР-мкІэ и УОМВД-хэм я плъыр чэстхэм зэпымыууэ щолажьэ.

Телефон нОмерхэр:

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэ КъБР-м щыІэ: **40-49-10**;

Урысей МВД-м Налшык къалэмкІэ и Іуэхущапіэ: **49-44-97**

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэ: **(8-86634) 4-24-02**.

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ куейм иКІэ и къудамэ:**(8-86637) 4-10-02**.

Урысей МВД-м Май куейм иКІэ и къудамэ: **(8-86633) 2-15-02**.

Урысей МВД-м Прохладнэ куейм иКІэ и къудамэ:**(8-86631) 4-45-96**.

Урысей МВД-м Прохладнэ кьалэмкІэ куейм иКІэ и къудамэ:**(8-86631) 7-58-02**.

Урысей МВД-м Тэрч куейм иКІэ и къудамэ: **(8-86632) 4-10-02**.

Урысей МВД-м Шэджэм куейм иКІэ и къудамэ: **(8-86630) 4-25-40**.

Урысей МВД-м Шэрэдж куейм иКІэ и къудамэ: **(8-86636) 4-12-84**.

Урысей МВД-м Аруан куейм иКІэ и къудамэ: **(8-86635) 4-01-02**.

Урысей МВД-м Лэскэн куейм иКІэ и къудамэ: **(8-86639) 9-51-02**.

Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ куейм иКІэ и къудамэ:**(8-86638) 4-26-01**.

КъБР-м щыІэ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм захуагъэзэ сакъыу щытыну, щэч зыхуащІ цІыхухэмрэ зэхэпшыпхэмрэ, ялэжьа е ягъэхьэзэр щІэпхъаджагъэхэм теухуа хьыбархэр зэгъэтІылъэкі имыІэу КъБР-м и хабзэкъуэм Іэнатіэхэм я деж нагъэсыну.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэм и КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапіэ.

РАХАЕВ Анатолий:

Щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным къэрал мыхьэнэ ират

БлэкIам фочкIэ уеуэмэ, къэкIуэнур топкIэ къоуэжыщ, жаIэ. Мис а хабзэм тету щIыхухэр бгъэдыхьэм хуейщ щэнхабзэм, тхыдэм, архитектурэм я фэеплъхэр хъумэным. Щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зехьэным ехьэлIауэ иджыблагъэ КъБР-м Административэ къэушыхьатыгъэ зэпэщIэтыным хагъэхьагъ. Абыхэм я мыхьэнэм топсэлъыхь КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ и комитетым и унафэщI Рахаев Анатолий.

АВАР УСАКIУЭ АбутIалиб а и псалъэ Iущ-хэр зэхэзымыхха къэгъэзытыгъуейщ икIи сэ быдзу си фIэщ мэхъу ди блэкIами, ди нобэми, ди къэкIуэнуми Iэщэ зэрытедмыгъэпсэнур, аэхэр зэрытхъумэн акъыл зэрыдбгъэдэлъыр. Тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм кIыхоуд ди лъэпкъхэм я зыужьыкIэр, абыхэм я пасэрей хабзэхэмрэ нобэрей ди зэхэтыкIэмрэ. А фэеплъхэр зытелажьэр тхыдэ щIэныгъэм зегъэужьыным и закъуэкъым, атIэ абыхэм щIапIыкI кIыхIщIахьуэ щIэблэр. Иджыпсту куэдрэ урохьэлIэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я фэеплъхэр кIыщагъэсебэпкIэ кIуаншагъэ зыужьыкъ, тхыдэм, щэнхабзэм и фэеплъ кIалъытэхэм зэрарыгъэ ирату, якIуэтащ.

Иужьрей илъэсипщI зыбжанэм псом хуэмыдэу хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и археологием. Ухуэныгъэм, проект лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, щIыхэр зыхуэеI щIыхуагъаззэкIэ тхыдэмрэ архитектурэмрэ я фэеплъхэр гъэ къэс якIуэтэ. Абы кIыхьэкIыу ди щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр джыныр, аэр хъумэныр къэрал мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ. Аращ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административэ къуэншагъэхэмкIэ и кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэтхъэным и Iуэхущ». Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным, аэр къэгъэзэгъэсэныным и лъэныкъуэкIэ щIыхь щхьэхуэхэм, юридическэ Iэнатlэхэм, къуалыкъущIэхэм яхь жэуапыр щIигъэткIиыр.

Кодексым халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ административэ кIуаншагъэхэм хабзэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ аэр здэщыIэ щIыналъэхэмрэ хъумэныкIэ, къэгъэсэбэныныкIэ ягъуэва хабзэхэр кIыхьэныдыныр, яхьумэ щIыналъэхэм ехьэлIауэ ягъуэва мардэхэр мыгъэзэщIэныр, щэнхабзэм и фэеплъхэр хъумэныкIэ кIалэм кIыхьэрайдтэр ирамыгъэтхыныр, щэнхабзэм и фэеплъхэм щIыхухэр гетъэувэныкIэ хабзэхэр кIыхьэныдыныр, щэнхабзэм и фэеплъхэм хъыбарегъащIэ тхыгъэхэр гетъэувэныкIэ кIалэнэхэр нэсу мыгъэзэщIэныр, нэгъэущIхэри.

Апхуэдэ кIуаншагъэхэм папщIэ щIыхь щхьэхуэхэм сом миным щегъэжьауэ сом мини 5-м нэскIэ, кIылыкъущIэхэм сом мини 5-м щегъэжьауэ сом мин 50-м нэскIэ, юридическэ Iэнатlэхэм сом мини 10-м щегъэжьауэ сом мин 500-м нэскIэ етхьэкIынущ.

Тхыдэм и фэеплъхэр хъумэныр дэ тщIыщ дэтхэнэми и кIалэн IыапIэщ. А кIалэным хуэфащуэ дыщыбгъэт!

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● ГАИ-м къет

Гъэзалъэм пэлъэщакъым

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 26-м и жэщ ныкъуэм Налшык кIалэ Щоджэнцыкыум и проспектым тету кIуэуэ Балъкъэр уэрамым зыуЗнэтIыну хэта ВАЗ-217030 автомашинэр зезыгъаKIэм гъэзалъэр (рулыр) хуэмыгъэIуРыщIэу гъуэгум и адрей лъэныкъуэмкIэ тельэдащ икIи ГАЗ-22172 автомашинэм жьэхэуащ. ВАЗ-217030 автомашинэм иса цIыхуплIым щыщу 2-р хэкIуэдащ, адреитIымрэ иужьрейм иса цIыхуитIымрэ фэбжьхэр ягъэтащ.

Езыр къелащ, игъусар хэкIуэдащ

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 28-м Новоивановскэ кIуаужэм икIыу Май къалэ къэнхьыжьэмкIэ кIуэ ВАЗ-21093 автомашинэр зезыгъаKIуэм рулыр хуэмыгъэIуРыщIэу кIыхуэхIуэ УАЗ-390945 автомашинэм жьэхэуащ. Езым фэбжьхэр игъэтащ, и гъусар хэкIуэдащ.

* * *

КъБР-м и УГИБДД-м гъэзалъэм дэсхэм ягу кIыгъэкIыж гъуэгум зэрыщыщIэкIуэн хуей псынщIагъым и маддэхэр уэим ямыщIыну. Автотранспортыр сыт щIыгъи шынагъуэ зыпытIа Iэмэпсымэщ икIи рулым дэсхэр сакъын, гъуэгум зэрыщIэкIуэ хабзэхэр ягъэзащIэн хуейщ.

Мы фащэ дахэм Iэнкун щхьэ фищIа, щIалэфIхэ? Фымыыкlытэ, Шотландием и цIыхухъуэм мыпхуэдэкIэхэр щатIагъэ щхьэкIэ, я лIыхъужьыгъэм хэщI фи гуГъэрэ?!

● Жыжьэ - гъунэгъу

Щэхуу щытар нахуэ мэхъу

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и мафIэ лыгъэм я псэ емыблэжу хэтахэм, ди щхьэхуитыныгъэм щIэбнахэм, абы хэкIуэдахэм теухуауэ ятхар машIэкъым. Ауэ иджыри кIэлъ цIыхур щымыгъуазэу куэд дольагъ, хьыбар гущIыхьэхэр зэхьдох.

ТЭРЧ КУЕЙМ хыхьэ жылэхэм кIыдэкIауэ цIыху куэд лIыгъэ, хахуагъэ кIыгъэльагъуэу зауэм хэтати, абыхэм ящыщу мини 3-м кIаГъэззжакъым, лъэужьыншэу кIуэдари машIэкъым. Нобэми мыгъэщIэну зи лъэужьыр кIэна а зауэм Уэлджырэ я лъэпкым щыщу цIыху 20 хэтати, я унагъэ кIэзэгIгъэззжар 9-рау.

А лъэхъэнэм, мызэ-мытIэу, «Сыныволъэу зауэм сыигъэкIуэну. Псалъэ сот си псэр пытыхукIэ, си гур кIеуэхукIэ нэмыцэхэр зэтезыхIэну», - жиIэу лъэIу тхыль куэд Тэрч район военкоматым щIилъхьащ Уэлджыр Хьэжбарэ, ауэ ихуауэ кIыщIэкIынтэкъым а лIы хьакъэм и къуэпсапIэр къехьулIэну.

1919 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кIыхьа Серебряков и дзэм зыбжанэ полк цIыхьэуэ кIыщIэрагъэпэщащ япэ дыдэу хьыхьаэм ящыщт Уэлджыр Хьэжбарэ Iэсхьэд и къуэр. Акъбащ Ипщэ (Астемырей) кIуаужэм абыхэм кIыщIызэрагъэпэщ зэхьыхьэхэм: «Серебряков кIыволъэIу фымышынэну, фи мылькуи, быными фIымыгъэпщIкIуну, фи щIынальэр фымыбгынэну. Псалъэ итащ зыми и жагъуэ имыщIыну», - щIыжаIэрт абы и блигъущIэхэм. А зэман шынагъуэм, Хьэжбарэ и кIуажэжьым дэс цIыхухэм я унагъэхэр кIыщхьэкIухьуэрэ, биим яхэмыхьэну, жаIэр зэрыпщIыр япхигъэкIырт, Дзэ Плъыжьыр зэрытекIуэнур игуригъаIуэрт. Деникиным и дзэм Курп Ипщэм и деж хэщIыныгъэшхуэ щратам щыгъуэ лIыгъэшхуэ кIыригъэлъагъуэу щытащ абы. Ауэ етIуанэу уIэгъэ зэрыхьуам кIыхьэкIыу, Iэщэр имыгъэтIылъу хъуакъым.

ЛIыгъэ, хахуагъэ кIыригъэльагъуэу зэрызауэм, щэхуу ирата лэжьыгъэхэр зэригъэзащIэм кIыхьэкIыу, Хьэжбарэ ВКП(б)-м хагъэхьащ, а гъэ дыдэми (1924) Налшык кIалэм дэт Ленинскэ учебнэ городскым щIэтIысхьащ. Ар кIыхухри, Астемырей кIуажэм дэт парт ячейкэм и секретару лэжьэн щIидзащ. ИужькIэ, Хьэжбарэ Дон Iус Ростов кIалэм дэт краевой парт еджапIэм кIыухри, 1937 -1947 гъэхэм щалъхуа и кIуаужэм и парт организацым и унафэщIу, кIуаужэ Советым и тхьэмадэу лэжьащ. А кIулыкъум пэрыту Хэку зауэшхуэр хэхъеящ икIи партым и Тэрч райкомым и унафэкIэ, кIалэн пыухыкIа нIэу Хьэжбарэ кIаГъэнэрэ, нэмыцэдзэкъым я щэхуэгъэ зэрыщIэу дэсащ. Ди жагъуэ зэрыхуащ, а зэманым фашистхэм ядэлажьэу щыта полицайхэм бзэгу яхьри, Хьэжбарэ яубыдащ икIи гущIэгъунэ щIыу махуэ куэдкIэ яубэрэжьащ. АрщхьэкIэ зы щэхуэ и къжьэм кIахуэжьэдэмыщу, «Дэ дыкIуэнущ, иугъащIэ ди къэралым!», - жиIэу и псэр хэкIащ. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм абы щыгъуэ Тэрч куейм щаукIауэ щыта лIыхъужьхэм папщIэ нобэ фэеплъ сыш щыIщ. Дыщэпскlэ абы зи цIэ тетхахэм яхэтщ Уэлджыр Хьэжбарэ. Зэи цIыхуншэ хъуркъым лIыхъужьхэм я кхъащхьэр-сабийхэри щIалэгъуалэри, зи ныбжь хэкIуэтахэри абдежым щыбольагъу.

Астемырей кIуаужэм щIэпсэхэр, 1983 гъэм и гъатхэ мазэу, дунейм и щIэрэщIэгъуэу, я адэ-анэхэм, я IыхьлIым, благъэхэм я кхъащхьэхэм куэду щызэхуэсат. Нэхъыжьхэм мэжджытым щыхьэурэ нэмэз ящIырт, лаахэм я мывэ сынхэм Iэ дальэу, гъыIуэ куэд бгъэдэтт. А псоми мыпIащIэу, я щхьэхэр ехьэхауэ зы гуп яхьихьэри, «Уэлджыр Хьэжбарэ Iэсхьэд и кIуэ» жиIэу зытетха сыным бгъэдыхьащ. Кхъызэхуэсахэм, дауи, занщIэу гу лыатащ ахэр Хьэжбарэ и бынхэу Ким, Расиэ, Риммэ, Зое сымэу зэрыщытым. Ауэ абыхэм яхэт, илъэс 60 зи ныбжьым щыхубзыр ящIухурт экъым. Ар япэ дыдэу Тэрч щIинальэм ихьауэ арат. «Хэту пIэрэ ар, дэнэ кхъыдикIар, сыт япэм зэи щIэдмылъэгъуар?» НэгъэущI упщIэ куэдхэри зым адрейм иритыжу зэхэпхырт, ауэ а упщIэхэм я жэуап зыми хуетыртэкъым.

Куэд дэмыкIыу, псом я дежкIи щэхуу щытар наIуэ кхъэхуащ: Хьэжбарэ и щхьэгъусэ Катеринэ и бынхэр, лъэпкъым я нэхъыжьхэр кIырихьэлIауэ: «Си псэм хуэдэу си бын дыщэхэ, быдзыщэ фызэзэгъэфамкIэ сыныволъэIу, мы фи пащхьэ ис цIыхубзыр фи шыпхъущи, фIыуэ фызэрыльагъу. Нобэрей махуэр унагъуэмэ, лъэпкъми, псом я дежкIи гуфIэгъуэшхуэ ирехьу! ТхьэшхуэМ сольэIу, насыпэ абы кхыдэкIуэну», - жиIауэ щытащ. Катеринэ куэд щащ дунейм зэрехьыкрэ,Ахьрэт нэху Тхьэм кърит, ауэ а зэманым жиIауэ щыта и псалъэр нобэми кхуажьэдэсхэм ящымыгъупщэжауэ я гум ильащ.

Хэт атIэ Астемырей куаужэм щыпсэу Уэлджырхэ я лъэпкъым щIэуэ кхьахьхьэжа я шыпхъур? Абы зэрытхуэзфIэкIкIэ жэуап еттын ипэкIэ, дышыуэну къыщIэкIынкъым занщIэу жыгIэмэ - ар Урысейм и мызакъуэу, дуней псом щыщIэрыIуэ еджагъэшхуэщ, тхыдэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Москва кIалэм Миклухэ-Маклай и цIэр зэрихьэу этнологием-рэ антропологиемкIэ дэт институтым и лэжьакIуэщ.

... Хить Генриеттэ гъатхэпэм и 10-м 1930 гъэм Налшык кIалэм къыщIальхуащ. Абы и анэ Верэ УФ-м щIэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кIагъэкIуауэ щытащ. Урыс тхакIуэшхуэхэу Пушкин, Лермонтов, Толстой, нэгъуэщI куэдхэм Кавказым техуауэ я IэдакъэщIэкI телъыджэхэм фIы дыдэу щытуэхэ хьыджэбз цIыкIум нэхъри куууэ зыхищIащ а тхыгъэхэр зытеухуа адыгэхэм я псэукIэр, дуней тетыкIэр, я хьэлщэнхэр зыхуэдэр. Акъбащ Ипщэ (Астемырей) кIуаужэм дэт школым и пщэдджэ класхэм цIыкIуэхэр щригъаджэу щIидзащ Верэ. Ар сабийхэм нэжэгужэу яхэтт, дерсхэр еджакIуэхэм дзгъуэу яригъащIэт, езым адыгэбзэм и щэхуэхэм мащIэ-мащIэурэ зэрыщIэуэ зищIырт. И хьэлэлагъым, и Iэщагъэр фIыуэ зэрищIэм, еджакIуэхэм яхуиIэ льагъуныгъэм папщIэ егъэджакIуэр щIэх дыдэу, сабийхэм я мызакъуэу, егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми фIыуэ ельэгъуащ. Псомэ я деж ящынэу, я псэукIэр ирагъэльагъуну, ерыскыы Iэфlхэр ирагъэшхыну хуейт, ауэ ЗЭМ зэримыIэм кIыхьэкIыу, куэдми дытепсэлъыхьыщ», - жиIэрт.

Зы махуэ гуэрым, Хьэжбарэ школым и егъэджакIуэхэм я Iэху зытетым щIигъуэзэ зищIыну щIыхьауэ, урыс хьыджэбз цIыкIур япэ дыдэу ильэгъуащ, зэрыщIыхуэрэ ильэгъуащ, зэрыщIыхуэрэ ину, я псэукIэр ирагъэльагъуну, ерыскыы Iэфlхэр ирагъэшхыну хуейт, ауэ ЗЭМ зэримыIэм кIыхьэкIыу, я гъэ еджагъэуэр дыухэм, псори дыз эгъуэсу дыз эхэсынщ, куэдми дытепсэлъыхьыщ», - жиIэрт.

Зы махуэ гуэрым Верэ телефонкIэ Хьэжбарэ кIыжриIащ хьыджэбз цIыкIу зэриIэр, игъащIэкIэ ар зэримыльагъунур. Сабий цIынэр и Iэплlэм ильу Верэ Ставрополь, Краснодар кIалэхэм щылэжьащ, ауэ абыхэми кIыщIэзэтеувыIакъым. Воронеж областым Iэпхъэгри, 1945 гъэ пщIондэ егъэзащIэ щыIащ. Зэрыгурыуэгъуэщи, а зэманым сабийм и нэгу щIэкIащ Хэку зауэшхуэм и гуэзвэгъуэхэр, иужькIэ гъаблэ щыIар, ауэ гугъуехьэхэм кIигъэшIафкъым Генриеттэ, 7-нэ классыр фIы дыдэу кIыхьри, Москва Iэпхъуэхэр, абы школыр кIуэхэм абы щыгъуэ Тэрч куейм щаукIауэ щыта лIыхъужьхэм папщIэ нобэ фэеплъ сын щыIщ. Дыщэпскlэ абы зи цIэ тетхахэм яхэтщ Уэлджыр Хьэжбарэ. Зэи цIыхуншэ хъуркъым лIыхъужьхэм я кхъащхьэр-сабийхэри щIалэгъуалэри, зи ныбжь хэкIуэтахэри абдежым щыбольагъу.

Астемырей кIуаужэм щIэпсэхэр, 1983 гъэм и гъатхэ мазэу, дунейм и щIэрэщIэгъуэу, я адэ-анэхэм, я IыхьлIым, благъэхэм я кхъащхьэхэм куэду щызэхуэсат. Нэхъыжьхэм мэжджытым щыхьэурэ нэмэз ящIырт, лаахэм я мывэ сынхэм Iэ дальэу, гъыIуэ куэд бгъэдэтт. А псоми мыпIащIэу, я щхьэхэр ехьэхауэ зы гуп яхьихьэри, «Уэлджыр Хьэжбарэ Iэсхьэд и кIуэ» жиIэу зытетха сынным бгъэдыхьащ. Кхъызэхуэсахэм, дауи, занщIэу гу лыатащ ахэр Хьэжбарэ и бынхэу Ким, Расиэ, Риммэ, Зое сымэу зэрыщытым. Ауэ абыхэм яхэт, илъэс 60 зи ныбжьым щыхубзыр ящIухурт экъым. Ар япэ дыдэу Тэрч щIинальэм ихьауэ арат. «Хэту пIэрэ ар, дэнэ кхъыдикIар, сыт япэм зэи щIэдмылъэгъуар?» НэгъэущI упщIэ куэдхэри зым адрейм иритыжу зэхэпхырт, ауэ а упщIэхэм я жэуап зыми хуетыртэкъым.

Куэд дэмыкIыу, псом я дежкIи щэхуу щытар наIуэ кхъэхуащ: Хьэжбарэ и щхьэгъусэ Катеринэ и бынхэр, лъэпкъым я нэхъыжьхэр кIырихьэлIауэ: «Си псэм хуэдэу си бын дыщэхэ, быдзыщэ фызэзэгъэфамкIэ сыныволъэIу, мы фи пащхьэ ис цIыхубзыр фи шыпхъущи, фIыуэ фызэрыльагъу. Нобэрей махуэр унагъуэмэ, лъэпкъми, псом я дежкIи гуфIэгъуэшхуэ ирехьу! ТхьэшхуэМ сольэIу, насыпэ абы кхыдэкIуэну», - жиIауэ щытащ. Катеринэ куэд щащ дунейм зэрехьыкрэ,Ахьрэт нэху Тхьэм кърит, ауэ а зэманым жиIауэ щыта и псалъэр нобэми кхуажьэдэсхэм ящымыгъупщэжауэ я гум ильащ.

Хэт атIэ Астемырей куаужэм щыпсэу Уэлджырхэ я лъэпкъым щIэуэ кхьахьхьэжа я шыпхъур? Абы зэрытхуэзфIэкIкIэ жэуап еттын ипэкIэ, дышыуэну къыщIэкIынкъым занщIэу жыгIэмэ - ар Урысейм и мызакъуэу, дуней псом щыщIэрыIуэ еджагъэшхуэщ, тхыдэ щIэныгъэхэм я докторщ, профессорщ, Москва кIалэм Миклухэ-Маклай и цIэр зэрихьэу этнологием-рэ антропологиемкIэ дэт институтым и лэжьакIуэщ.

... Хить Генриеттэ гъатхэпэм и 10-м 1930 гъэм Налшык кIалэм къыщIальхуащ. Абы и анэ Верэ УФ-м щIэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кIагъэкIуауэ щытащ. Урыс тхакIуэшхуэхэу Пушкин, Лермонтов, Толстой, нэгъуэщI куэдхэм Кавказым техуауэ я IэдакъэщIэкI телъыджэхэм фIы дыдэу щытуэхэ хьыджэбз цIыкIум нэхъри куууэ зыхищIащ а тхыгъэхэр зытеухуа адыгэхэм я псэукIэр, дуней тетыкIэр, я хьэлщэнхэр зыхуэдэр. Акъбащ Ипщэ (Астемырей) кIуаужэм дэт школым и пщэдджэ класхэм цIыкIуэхэр щригъаджэу щIидзащ Верэ. Ар сабийхэм нэжэгужэу яхэтт, дерсхэр еджакIуэхэм дзгъуэу яригъащIэт, езым адыгэбзэм и щэхуэхэм мащIэ-мащIэурэ зэрыщIэуэ зищIырт. И хьэлэлагъым, и Iэщагъэр фIыуэ зэрищIэм, еджакIуэхэм яхуиIэ льагъуныгъэм папщIэ егъэджакIуэр щIэх дыдэу, сабийхэм я мызакъуэу, егъэджакIуэхэми, адэ-анэхэми фIыуэ ельэгъуащ. Псомэ я деж ящынэу, я псэукIэр ирагъэльагъуну, ерыскыы Iэфlхэр ирагъэшхыну хуейт, ауэ ЗЭМ зэримыIэм кIыхьэкIыу, куэдми дытепсэлъыхьыщ», - жиIэрт.

Зы махуэ гуэрым, Хьэжбарэ школым и егъэджакIуэхэм я Iэху зытетым щIигъуэзэ зищIыну щIыхьауэ, урыс хьыджэбз цIыкIур япэ дыдэу ильэгъуащ, зэрыщIыхуэрэ ильэгъуащ, зэрыщIыхуэрэ ину, я псэукIэр ирагъэльагъуну, ерыскыы Iэфlхэр ирагъэшхыну хуейт, ауэ ЗЭМ зэримыIэм кIыхьэкIыу, куэдми дытепсэлъыхьыщ», - жиIэрт.

Зы махуэ гуэрым Верэ телефонкIэ Хьэжбарэ кIыжриIащ хьыджэбз цIыкIу зэриIэр, игъащIэкIэ ар зэримыльагъунур. Сабий цIынэр и Iэплlэм ильу Верэ Ставрополь, Краснодар кIалэхэм щылэжьащ, ауэ абыхэми кIыщIэзэтеувыIакъым. Воронеж областым Iэпхъэгри, 1945 гъэ пщIондэ егъэзащIэ щыIащ. Зэрыгурыуэгъуэщи, а зэманым сабийм и нэгу щIэкIащ Хэку зауэшхуэм и гуэзвэгъуэхэр, иужькIэ гъаблэ щыIар, ауэ гугъуехьэхэм кIигъэшIафкъым Генриеттэ, 7-нэ классыр фIы дыдэу кIыхьри, Москва Iэпхъуэхэр, абы школыр 1948 гъэм дыщэ медалкIэ кIыщIухащ. Зэреджэм хуэдэурэ абы щыгъуэ хьыджэбз цIыкIур театрхэм, музейхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм кIуэрт, куэдым дахьэхырт, псомэ щыгъуазэ зищIыну хуейт.

Школ нэужьым Генриеттэ Москва дэт къэрал университетым антропологиемкIэ и факультетыр кIуихри, цIыкIуэхэм я Iэпкlэльэпкlым и зэхэпльэкIэр иджащ. Псом хуэмыдэу гуфIэгъэ и гум кьинащ 1957 гъэм Памир щригъэкIуэжа къэхутэныгъэхэр. Аэхр и лъабжьэу 1961 гъэм Генриеттэ пхигъэкIащ биологие щIэныгъэхэм я кандидат диссертацэр. Ауэ адыгэ цIыкIуэ гуфIэгъэ, гугъуехьхэм ерыщу пэщIэтыфыр, абдеж кIыщцIэзэтеувыIакъым: илъэс куэдкIэ Азие Курытым узыщрихьэлIэ лъэпкъхэм, иужькIэ Прибалтикэм, Украинэм, Кавказым щыпсэуэхэм я кIэнэ щIэныгъэ и хабзэхэр кIигъэсэбэпурэ, иджащ, Индием щыпсэу лъэпкъхэм я Iэгум ит тхыпхъэхэм я щэхуэхэр кIихутащ, туэ лъэпкъыр кIыщэрыхъуар, Сыбыным щыпсэу тэтэрэхэр кIыщытепщIыкIар, нэгъэущI куэдхэр жэщ, махуэ имыIэу зыригъэзэхуащ, икIи 1984 гъэм ежьагъэшхуэхэм я Советым хэтэхэр зэдзэрэзыуэ, «Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор» цIэ лъапIэр Москва кIыщыфIащащ.

Генриеттэ дунейпсо утыкум куэд щIауэ ихьащ: лэжьыгъэ ину 150-рэ иIэщ, абы и нэ щIэту кандидат, доктор диссертацэхэр пкагъэкIащ, щIэныгъэм абы хуищ хэль-хьэныгъэшхуэм и фIыгъэкIэ, нобэ Белоруссием, Украинэм, Грузием, Узбекистаным, уеблэмэ Мали, къэхутэныгъэ инхэр щокIуэжI. Ар американ дермонтоглификэ ассоциацэм хэтщ, куэдрэ дунейпсо конгрессхэм, симпозиумхэм ирихьэлIащ, илъэс куэдкIэ Германием, Болгарием, Японием щылэжьащ.

Хить Генриеттэ дэнэ щыпIэ щыIами, сыт гъуэгу гугъуехьхэм Iууами, гуфIэгъуэхэр и нэгу щIэкIами, сытым щыгъуи «Хэт си адэр?» упщIэр куэдрэ зэритыжащ, ауэ сыт хуэдэ publ эныкъуэкIэ бгъэдыхьами, сыт хуэдизрэ ельэуами и анэм зыри кIыжриIакъым - псалъэ итауэ щытар игъэпэжауэ дунейм ехьжащ. Иджы абы теухуауэ зыгуэр зыщIэу псэужьир и анэшыпхъурати, Динэ пэжыр кIыIуэтэжащ: «Сэри сыхутакъым а зэхэуар нахуэ сщIыну, ауэ Тхьэм къысхуигъэгъунщ. Уи адэр Хьэжбарэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхь Тэрч куейм щыщ къуэкIыр щыщ. Абы и щIэныгъэ щыIащ. Ар и школым егъэджакIуэу щыIэжащ».

Абы лъандэрэ илъэс 28-рэ дэкIами, и благъэжар, Iыхьлыхэр, Уэлджыр лъэпкъыр Генриеттэ зэи щIэгъупщэжакъым: Кавказ Iщхьэрэм и пэмэзаи, Дыщэкl Албэч, Хьэх Бесlэн, Урыш Мухьэмэд, Тезадэ Мурат, Хьэмжу Бесlэн, Бер Хьусен, Мэлыхьуэ Резыуан, Бакъ Алим, Хьубийх Муратэ Алимрэ, Соблир Темырган сымэ.

Тхэквондо

Лъэщу зыкъагъэтъагъуэ

ТхэквондомкIэ ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэхьэзэхуэ иджыблагъэ Таганрог щекIуэкIащ. Къэралыкъым я спортсменхэр зыхэта а зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам екхуIэныгъэкIэ щыIэныгъэ ящIащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ текIуэныгъэр кIыщIахьащ Шыбзыхъуэ Тимуррэ БжэныкIэ Ибрэхьимрэ. ТренерхэуАхьмэт Амиррэ БжэныкIэ Резуанрэ ахэр я гъэсэнкIэ. Мэрзей Тимур (тренерыр Ким Викторщ) етIуанэ хъуащ, Батыр Азэмэт (тренерыр Гъут Рустамщ) ещанэ увыпIэр кIихьащ.

УАРДЭ Жантинэ.

●КъБР-м щыIэ МВД-м

Яуlа хабзэхъумэм щIоупщIэ

Тхьэмахуэ махуэм и пщыхьэщхьэм Iэщэкl Iэ щIэуэгъэда бандэ гупым хэт бзаджащIиуIыр Тырныауз къалэм ГИБДД-м и лэжьакIуэм щытеуащ. Гранатэ къызраутIыпща полицейм и лъакъуэр уIэгъэ хуэми, жэуап яритыжащ икIи щIэпхъаджащIэхэм я зыр иукIащ.

КЪЭРАЛ кIуэцI Iэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей иIэгъэ хъуа я лэжьакIуэм щIэупщIащ. Медицинэ лэжьакIуэхэм я деж узынщагъэ зэфIэувэжьыныр зэрыщекIуэкIыр зыщригъэщIащ. ЩIалэр щыгъуазэ ищIащ ар правительствэм и дамыгъэ лъапIэр кърратыну зэрагъэлъэпIауэр. «Сэ сроугъуэхуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрымкlэ МВД-м зи къэралным, тхьэрыIуэм хуэпэж апхуэдэ офицерхэм къулыкъу зэрыщащIэм», - жиIащ министрым.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм.

● Спорт хъыбархэр

Бэнэкlэ хуит

Цlыхубэ усакIуэм и фэеплъу

Шэджэм куейм Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я спорт унэм КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Кулиев Къайсын и фэеплъу бэнэкlэ хуитымкlэ ныбжьыщIэхэм я республикIэ зэхьэзэхуэ щекIуэкIащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМРЭ Ставрополь краймрэ я спортсмен 262-рэ зэпеуэм хэтащ. Ар къыщыщIэIуахьэм Шэджэм къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Уэдыжь Хьэсанщ, щIалэгъуалэ Iуэхуэхмрэ спортымкlэ район комитетым и унафэщI Бекъан Хьызыр, усакIуэ цIэрыIуэм и къуэ Кулиев Ахьмэт сымэ бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм псалъэ гуапэхэмкlэ зыхуагъэзащ, екхуIэныгъэ зауэщIэ зыIэрагъэхьэну екхуэхьащ.

Я хьэтIагъ елытагъуэ зыхэта зэпеуэм щытекIуащ Мэкъуауэ Астемыр, Атасаев Рэмэзан, Дышэкl Албэч, Хьэх Бесlэн, Урыш Мухьэмэд, Тезадэ Мурат, Хьэмжу Бесlэн, Бер Хьусен, Мэлыхьуэ Резыуан, Бакъ Алим, Хьубийх Муратэ Алимрэ, Соблир Темырган сымэ.

●Унэхэр щызэрагъэпэщыжкIэ хабзэншагъэхэр ялэжь

Урысей Федерацэм и Президентым къигъэуа пщэрылъхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ УФ-м и генеральнэ прокуратурэм къалэн къызэрыщищIам тету, республикэм и прокуратурэм и органхэм иужь зэманым къапщытэ Псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэм реформэ щегъэжьауIыным зыщIэгъэкъуэныкIэ фондым къыуIыпща ахъшэр КъБР-м къызэрыщагъэсэбэпыр.



● КъБР-м и прокуратурэм

АБы теухуа къэпщытэныгъэхэр дыззрыт ильэсым щрагъэкIуэкIащ фэтэр куэд хьу унэхэр капитальнэу зэрагъэпэщыжын папщIэ фондым и ахъшэ къызыхуаутIыпща Iэнатlэу: коммунальнэ хозяйствэм и организацэу, унэхэр зезыхьэ компаниеу, псэупlэхэр зи мылькIу щытхэм я зэгухьэныгъэу, подряд IуэхущIапIэу 60-м щигъэуIи. Прокуратурэм и лэжьакIуэхэм хабзэншагъэ куэд сэтей къащIащ ахъшэр зэгъэззэхуаз къызэрамыгъэсэбэпым, лэжьыгъэхэр фIагъ хэльу зэрырамыгъэкIуэкIым ельэIлаауэ. Апхуэдэу сэтей къащIащ псори зэхэту сом мин 700-м щIигъу зэрадыгъуар.

Бахъсэн къалэм щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, фэтэр куэд хьу унэу 4-м подряд лэжьыгъэу щызэхфIамыгъэкIаахэм текIуэдэн хуея сом мин 400-м щIигъу къыхахри, унэхэр зыхуей хуэзэу зрагъэпэщыжауэ щатхащ. Апхуэдэ хабзэншагъэхэр Iуащхьэмахуэ, Май районхэми къыщыщIагъэщащ.

Налшык къалэм сэтей къыщащIащ фэтэр куэд хьу унэу 38-рэ зэгъэпэщыжыныкIэ подряд Iэхуэщ1апIэхэм я пщэ далъхьэжа къалэнхэр и зэманым зэрызэфIамыгъэкIар.

Гъатхэпэм щегъэжьауэ жэпуэгъуэ мазэм кIасых прокурорхэм зыхуэфащэ Iэнатlэу 41-м хуагъэхьащ законодательствэр къызэрызэпэрудар ягъэззэкIуэжыну къалэн ящыщыщ тхыгъэхэр. КъулыкъущIэхэм ящыщу 13 дисциплинарнэ жэуапым ирашэлIащ, зы Iуэхур судым ягъэхащ (иджыпсту абы хоплъэ). КъулыкъущIэхэм ящыщу 6-м ахъшэкIэ етхьэкIуащ, фэтэр куэд хьу унэхэр щызэрагъэпэщыжым ахъшэкIэ зэрызэхащIыжым къыхэкIыу уголовнэ Iуэхуу 3 къаIэтауэ зохагъэкI.

★★★

Мы псалъэжьыр быныи теухуауэ жаІэ, ауэ лъэпкъ псом хуэпхъыныи кьеззгъыу къыщІэкІынущ, зи гугъу тщІыну цІыхухэм хуэдэхэр зэрымащІэ дыдэм тепщыхьмэ.

Щым налкъутналмэсыр кьыззрыпкърыкІым зыгуэркІэ ещхыщ лъэпкым зэман-зэманкІэрэ цІыху цІэрыІуэ кьыззрыхэкІри. Апкуэдэхэм ящыщ зыщ зи гугъу сщІыну Къущхьэ Догъэн, псомэ фІыуэ фцІыху уэрэджыакІуэр.

● Дифі догъэлъапІэ

Щэ и уасэу зы уэстын

КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, уэрэдус Къущхьэ Догъэн



Къущхьэ Догъэн. *2011 гъэ*

ДИ ТЕЛЕВИДЕНЭМ «Ф ПІ ЛЪЭІУКІ» зыфІищ концертыр кІигъэльагъуэу щІыщытам, пщыхьэщхьэ щІагъуэ дэкІыу кІыщІэкІыр тэкъым Догъэн и уэрэдитІым я зыр къамыту (ди жагъуэ зэрыхъунщи, телевиденэм щатхауэ аращ яІэр).

- «Си дахэкІейр» щаусам, адыгэбзэр иджыри «лъэрытетъ», и Іофыр щІэныгъэкъым, яІэщІэухатэкъым», - жеІэ Къайсэр Хасэм щылажьэ Думэныщ Іэуэлдин.

Льагъуныгъэ мафІэр сыту къаруушхуэт, си дахэкІей,

Яжьэ сыхъури сылъэлъэжа мыгъуи сэ, - къэфщІэжащ, дауи, Іэуэлдин зи гугъу ищІ уэрэдыр.

Хэхэс гъащІэмрэ анэдэлъхубзэмрэ яку дэлъ щыхуПІэм тепщІыхьмэ, Къущхьэ Догъэн хуэзэ лъэпкым кьыхэкІыныр гъэщІэгъуэныщэщ. Ауэ, сыт хуэдэ гугъуехьми емылъытауэ, хэхэсхэм я нэгум щІэкІар, гуфІэгъуэу, гукъеуэу, хьуэпсапІэу яІар, гушыІэу яхэлъар, кІэуэ жьпІэнчэ, зиусхьэн ГъащІэм и ІэфІрэ и дыджу зыхащІар кьыззрыраІуэта щыкІэр ди махуэм, ящхьэхьэсыфьин гуэр цІыхубэм кьыззригъэщІыныр гурыІуэгъуэш. ЛІэщІыкІ лІэщІыгъуитІым лъэпкым зы цІыху кьыхэкІынкІэ хьуну аращ апхуэдэу, сыту жьпІэмэ ар уэрэджыІакІуэ къудейкъым, атІэ дуней тетыкІэ, гупсысэкІэ щхьэхуэ зиІэ, псэкІэ лъэпкым епха цІыхуэш. Псальэм папщІэ, Къардэнгъущ Зырамыкурэ Тхьэбысым Умаррэ ди щэнхабзэм и щІэгъэкъуэн лъэщхэм ящыщ зыщІар я зэфІэкІкІэ цІыхубэм кьуэпс быдэкІэ епхауэ зэрыщІэтар арэ гъэнщ. Къапщтэмэ, гъуазджэм нэгъуэщІ пхуехьэлІэныи кьыщІэкІынукъым: цІыхубэ уэрэджыІэкІэмкІэ Тхьэр кьыпхуэупсэн е консерваторэм щІэныгъэшхуэ кьыщІэпхьин.

ИтІани, Къущхьэ Догъэн и Іуэхум зы гъэщІэгъуэн хэльщ. Мы щІалэм и адэ-анэр илъэс куэд хъуащ Германием лэжьапІэ кІуэуэ абы кьыззрыщІнэжкІэ, Догъэн и адэ Алатгин и бынищыр здашмышъэ и кьуэшым деж кьитэжьащ, «абы сшэмэ, яхэкІуэдэнущ, яхэшыпсыхьынущ, хабзэр ани анэдэлъхубзэр ящыгъупщэжынущ» жиІэри.

Сыту жьхьэу пльэуэ кьыщІэжІат ар!

Догъэнрэ абы и щхьэгъусэ Селмэрэ (КІэнэтхэ япхъущ) я унэ дызыщІашар дахэщ. ХьэщІэщым и блыным, пасэ зэманым хуэдэу, фІэльщ макъамэ Іэмэпсымэхэм, адыгэ Іэщэфащэхэм щышхэр. Абы и зэранкІэ гъусэм и Іуэхур дзэЫыгъ, хуэзыгъэдахэ Селмэ и макъыр зэрыгуакІуэм хуэдэу, езыри цІыху гуапэщ, игъащІэ льандэрэ пщыхьм хуэдэу удехьхьыф. Догъэнрэ абырэ ЗэдыкІэ уэрэджэр дискым тету зэхэтхати, цІыхубэ уэрэд жьІэкІэм Селмэ зэрыхуэІэкІуэльакІуэр дгъэщІэгъуат, ди гуапэ хъуат.

Уэршэрыныр идогъажьэ. Зи гугъу сшІа дискым зэщхьэгъуэсэхэм зэдыжаІэу тет уэрэдхэр («Сыхуэмей», «ГъащІэр макІуэ») ди гум ильти, «етІуанэ дискым долэжь» щыжаІэм, зэуэ дызыщІэ упщІар зэгъуэсэу жаІэ уэрэд абы хэтынрэ хэмытынрэщ.

- Зы уэрэд щыІэщ, щыхубз макъи къыщІэтын хуейуи, Селмэ сольэлу кьыздэІэпыкуну, - жеІэ Догъэн.

Дэри дольэу а зи гугъу ящІым щыщ тІэкІу нэхъ мыхъуми дгагъэдэІуэну.

Пэшым щабэ дыдэуэ зыщІелэт зэщхьэгъуэсэхэм я макъым:

Ныжэбрей жэщми, рэуи,
Вагьуэхэр собжри, рэхуэлахь,
Ныжэбэрей жэщми, рэуи,
Вагьуэхэр собжри, рэхуэлахь,
Щхьэщпэм и бжыгъэуэр, сэрмыгъуэ дыдэ,
Ей, дуней,
Дэ цІыху тфІэкІуэда мыгъуи, рэхуэлахь.
Мы ди хьэжрэт пщыжьхэри, рэуи,
Я псэм емыблэж мыгъуэт, рэхуэлахь,
Мы ди хьэжрэт пщыжьхэри, рэуи,
Я псэм емыблэж мыгъуэт, рэхуэлахь,
Уэ ди щІалэ бланэхэр, сэрмыгъуэ дыдэ,
Ей, дуней,
Хьэдэу кьытхуашэж мыгъуэ, рэхуэлахь.

- Мы гъыбзэр хьэжрэтхэм трауухуащ, - жеІэ Догъэн, - уэрэдыр зэпсегъэуэри. - Ауэ мыбы и макъамэм нэгъуэщІ гъыбзи къраІуатэ, кьуэкІыпІэмкІэ щыпсэу бей гуэрым залымыгъэкІэ щхьэгъусэу ирата Щэныбэхэ япхъум хуэусауэ. Абы и зэранкІэ хьэжрэтхэм теухуа псальэхэр кІуэдыжьыпэ пэтрэ кьызэщІэткъуэжащ, ауэ макъамэр щызэхахкІэ нэхъыбэм ящІэр а хьыджэбзым щхьэкІэ зэхальхьа псальэхэрщ.

Дэ нэхъ кІэщІу вжетІами, мыбы хэтщ хьэжрэтхэр кхъухьым кьызэритІысхьари, кьызэпрыкІыу тенджьз Іуфэм кьызэрыщІкІари. Хьэжрэтхэм я тхыдэр кІэщІу кьеІуатэ жьпІэ хъунущ.

- Къарс зауэм теуха гъыбзи тетщ япэ дискебгъэтхам. Хэтар зыусар, Догъэн?

- Бешкьэзакъ хьэблэ щыщ Хьэцухэ я хьыджэбзитІщ ар зыусар. Ахэр куэд щІащ дунейм зэрехьжрэ. ЭэшыпхъуитІыр пшынау зт, абыхэм гъыбзэ, уэрэд яусынымкІэ Іэзагъ ин ябгъэздэльащ. Узун-Яйла щыпІэм щыІэ къуажэхэм дэкІа шууей минищым щигъу хэкІуэдащ а зауэм, Тыркум и нэгъуэщІ щыпІэхэм щыпсэу адыгэхэм яхэкІахэр хэмыту. Псальэм папщІэ, Чурей Алий жиІэу зэхэсхащ я къуажэм щыщу Къарс заузм кІуа цІыхуи 105-м щыщу 90-р хэкІуэдауэ. Льэпкым и гум щыщІар, щІалэгъуалэр кІуэдыкІей зэрыхьхуар и псэм кьызэреІар кьеІуатэ а уэрэдым.

Урысей т опми, уой-рэу,
фи чэр кьекъутэри, уей,
Мыгъэрей бжьыхьэми фыкъэмыкІуэжмэ,
Дынэгугъэжкъымэ, уей.
Шы щхъуантІэжь цІыкІури,
Уой-рэ у, зэрыкІэмащІэри, уей,
Адыгэ щІалэхэу зи гъащІэр ящІэжэр
Кьарс фагъэкІуа мыгъуи, уей.
ХьэпцІий хьэнтхъупсми, уой-рэу,
фыкъырагъафэри, уей,
Ди дыдыщыгугъэмкІ
Кьарсым и губгъуэхэр
Лым евгъэфа мыгъуи, уей.
Сарыкъэмышми, уой-рэу,
щэр кьыдолъалъэри, уей,
Адыгэ щухэри Сарыкъэмышмэ
Щелъэлъэха мыгъуи, уей.
Эрзерум губгъуэмэ, уой-рэу,
уэсыр щыззрехэри, уей,
Фи хьэдэ дахэуэ губгъуэм кьинахэри
Хэт зэрихьэн мыгъуэ, уей?
Мо кьуалэбзухэм, уой-рэу,
кьыздагъэззэкІ, уей,
КъэбгъэззэжынкІэ дыныфщыгугъэти,
Гугъэр духа мыгъуи, уей.

НэгъуэщІ зы уэрэди диІэщ а зауэм теухуауэ. Урысыдзэм хэту кьэкІуа адыгэхэм щхьэкІэ «Кьарс зауэ» жиІэу хэжумкІэ щаухуа щыІэщ, «Фыуэ слъагъу щІалэр Кьарс зауэм кІуа» жиІэу кьыхэущ. Псальэм ящыщ зы щытащ. Езыр Германием щылажьэрт, иджыри аращ щыпсэур, гъэмахуэм Кьайсэр кьокІуэж.

- Адыгэ унэщІэр зэпымычу зепхьа?

- Хьэуэ, 1934 гъэм псоми тырку унэщІэкІэ затхын хуейуэ кьэрал унафэ кьыщежьам, дэ Оздену датхащ, ауэ си щхьэкІэ адыгэ унэщІэращ адыгэхэр зэрысцыхур. Уеблэмэ УзунЯйла щыпІэм щыІэ адыгэ кьуажэхэм тыркукІэ зэреджэр иджыри кьыздэсым сигу схуиубыдакъым. Сэ сщІэр абыхэм я адыгэщІэрщ.

- Іуэрыіуатэр щызэхуэпхьэсым хэт и щІэр наІуэ кьэпщІыжа уэрэдыжьхэмкІэ Іэзэу?

- Сэ куэдым сахуэзащ, ауэ нэхъ сигу кьинахэм ящыщу Іэунис Мурадин, ДыщэкІ Бэдрэдин, Льосэн Мэхьир сымэ я щІэр си гупэу кьисІынт. Уеблэмэ УзунЯйла щыпІэм щыІэ адыгэ кьуажэхэм тыркукІэ зэреджэр иджыри кьыздэсым сигу схуиубыдакъым. Сэ сщІэр абыхэм я адыгэщІэрщ.

- Сэ куэдым сахуэзащ, ауэ нэхъ сигу кьинахэм ящыщу Іэунис Мурадин, ДыщэкІ Бэдрэдин, Льосэн Мэхьир сымэ я щІэр си гупэу кьисІынт. Ар куэд щІащ зэраусрэ. ЗэрысщІэмкІэ, Кьардэнгъущ Зырамыку итхьжа уэрэдыжьхэм Кушыкупщ и уэрэдращ. Ар куэд щІащ зэраусрэ. ЗэрысщІэмкІэ, Кьардэнгъущ Зырамыку итхьжа уэрэдыжьхэм Кушыкупщ и щхьэгъусэращ.

Узун-ЯйлакІэ щыІэ адыгэ кьуажэхэм я щыкІэпшынауэу иужьрейуэ щытар Іэунис Мурадинщ. Абы жиІа уэрэдхэм я хьыбархэри жиІэжу стхьжауэ сиІэщ, сызыхуэмызахэм, дэ дыщыкІу щыкІэ дунейм екьжахэм, псальэм папщІэ Жэтхэр Едыдж, Мэсей Берд хуэдэу, абыхэм я уэрэдхэр зигу изубыдэфахэм жаІэжу кьэзгъэуэтыжар зэщІэскъуэжащ, ауэ кІуэдар нэхьыбэщ.

Сыхунэсмэ, си мурадщ Иорданиемрэ Сириемрэ щызэхуэсхьэсыжахэри хэту зы тхьылъ кьыдэзгъэкІыну. Уэрэдыжьхэм я псальэр, ар зытеухуа хьыбарыр, макъамэр нотэкІэ тхауэ яту апхуэдэу щытын хуейуэ согупсыс.

- Догъэн, жыпІэ уэрэдхэм псальэр е макъамэр уэ зыхуэптха яхэт?

- Къэбэрдей-Балькъэр телевиденэм щедгъэтха уэрэдитІым я зым, «Согъри-соукІытэ, сымыгъщ - сызэгъуоуд» жиІэу зыхэтым, и псальэхэр сысейщ. А уэрэдым щыщу ди махуэхэм кьэсауэ кьэзгъуэтыжар «Ей, мыгъуэ, сызэгъуоуд, согъри-соукІытэ, сымыгъщ - сызэгъуэ!» жиІэу зыхэтым, и псальэхэр сысейщ. А уэрэдым щыщу ди махуэхэм кьэсауэ кьэзгъуэтыжар «Ей, мыгъуэ, сызэгъуоуд, согъри-соукІытэ, сымыгъщ - сызэгъуоуд» жиІэу зыхэтым, и псальэхэр сысейщ. А уэрэдым щыщу ди махуэхэм кьэсауэ кьэзгъуэтыжар «Ей, мыгъуэ, сызэгъуоуд, согъри-соукІытэ, сымыгъщ - сызэгъуоуд» жиІэу зыхэтым, и псальэхэр сысейщ. ХэкумкІи щыІауэ жаІэ Мэсей Исуф и цІэу джэкІуакІуэщхуэ. Иджы, ильэси 140-м щІигъу дэкІауэ, нэгъуэщІ зы Мэсеймии и уэрэдитІ пленкэм тету фызотыж, хуабжьу си гуапэу. Зы уэрэдыр Зэгъэджокъуэ Чэрчанэ теухуащ, Урыс-Кавказ зауэм щыгъуэ яуСауэ. Адрейр адыгэпщ, ЛІыхьужь Аж-джэрий Кушыкупщ и уэрэдращ. Ар куэд щІащ зэраусрэ. ЗэрысщІэмкІэ, Кьардэнгъущ Зырамыку итхьжа уэрэдыжьхэм Кушыкупщ и щхьэгъусэращ.

- Мы гъэм концертышхуэ птауэ щІыхухэм яІуатэу, ягу кьинауэ тепсэлъыхьу зэхьдох мыбы дыкъыззрыкІуэр?

- Куэд щІауэ сызыщІэхьэпсу кьыззэхьулІащ ар. А концертыр лъэныкъуитКІэ гъэщІэгъуэщ. Уэрэд дгъэщІэ кьудейкІэ зэфІэмыкІыу, тхыдэми дыхьеплъэкІыжу, кьапщтэмэ, нарт лІыхьужьхэм теухуа уэрэдхэр щыдгъэзащІэкІэ, нартхэр зи щІысыр хьыбару жьІтІэу, а Іуэрыіуатэм хэт лІыхьужьхэм я тепльэу ящІауэ щыІэр сценэм, кьыкІэридджэу тщІащ. Абы дыкъыхьэкІри, Урыс-Кавказ зауэм теухуари апхуэдэ дыдэу, итІанэ Истамбылакіуэр, кІэлъыкІуэу мыбы щІэсахэр, кІэуэхьу - иджырей уэрэдхэр сэ зэхуэсхьэсащ е я псальэхэр стхауэ зэхэдгъэуват.

Адыгэр ди закъуэ дызэхуэсыжу мыхъуу, къэрал унафэщІхэм ящыщ, дызыхэсхэм я тхакІуэхэр, усакІуэхэр, уэрэджьакІуэхэр зэрысу едгъэзыкІуэкІащ, дызыхуэдар, ди тхыдэм щыщ тІэкІу псоми кьедгъэщІарэт жьгІэу. Истамбыл Хасэхэм ящыщ зым и унафэщІ дохутыр, профессор Шурдым Гюнсел Тыркум и президентым и деж кьыщыІэрдзауэ кьызэрырагъэблагъэ тхылъ яІэригъэхьат. Президентми, премьер-министрми, политикэ партхэм я унафэщІхэми кьабгъэдэкІыу жэуап кьытІэрыхьэжащ фІыщІэ кьызэрытхуэщІыр, ди щэнхабзэм дызэрытелажьэр зэрагуапэр иту. Театр, кино, телевиденэ жьпІэми, щэнхабзэм хуэлажьэ куэд щыхэсащ а концертым. Абыхэм ящыщ куэд пшыхь нэужьым кьызэхъуэхъуащ, мыпхуэдэ концерт тлъэгъуакъым, тхыдэшхуэ фызэриІэр кьэдвгъэщІащ, жаІэу.

- Уэ дыпхуэмызэу дгъэзэжамэ, фІыуэ укьэзыльагъуэхэм, уи уэрэдхэм хуэнэхъуеищІэхэм дакьыгурыІуэнтэкъым. ЗыбуэзщІыну, уи концерт адэжь хэкум щыптыну дынохьуэхъунщи, сэлам уэтхьжынщ.

- Тхьэр арэзы кьыфхэхуу! ПшыхьитІ, блатІэ куэд хэкум щызыІэщи, сэлам гуапэ язохьыж. Дигури ди псэри абыкІэ щыІэщ.

КЪУЩХЬЭ Догъэнрэ Хьэгъундокьуэ Сэлисэтрэ я интервьюм кьыхэхьажам мыр дэщІызгъуныт Льэпкым и псэм кьыгъэщІа бейгъыр хъумэныр зи натІэ хьуа щІалэм, абы зэрыпэльэщын зэчийрэ зэфІэкІрэ зиІэм, и гъащІэм, и лъжьыгъэм нэхъ уБгъуауэ тетхьыхьын хуейщ, щэч хэмыту. Ар пІэсрей альэкъэхэм «феномен» псальэр жаІэн хуей щІэхъуаехэм ящыщ зыщ, икІи плэжьым и мыхьэнэр кІуэ пэтми хэхъуэнущ зэманым здихьыж куэд кьыззрыІэщІэхьфым, иджырей щІэблэм и гумрэ и псэмрэ дыкьуэ кьыззригъэщІэрэщІэжьфым щхьэкІэ.

ШИРДИЙ Маринэ.
2005 гъэ

★★★

КЪУЩХЬЭ Догъэн

Хэхэсым и уэрэд

Къурш лъагэшхуэр жьыкъэу щытмэ,
Бжьэпэжь цІыкІум къыкъуэмыщ.
Псалъэ пэжыр гум ибгъэлъкІэ,
Мыфэмыщым кьыхэмыщ.

Жьыкъэу щытщи Іуащхьэмахуэ,
Пшэ фІыцІэжьхэм къакъуэмыщ.
Дигу идгъэлъщи дэ лэжьыгъэр,
Нахуэу, ІупщІу кьыхэмыщ.

ЖытІэнщ жытІэм дэ пэжыгъэр
Псалъэр щцІыкІэ тІэпауд.
Тлъагъунщ жытІэм Іуащхьэмахуэ
Ди гур бзаджэу тхурауд.

ФхуэгъэпщкІункъым хьаІуцыдзхэм
Дыгъэ нурыр пшэ фІыцІэжькІэ,
ВгъэпщкІупауикІ кьызолъытэ -
Тетхужьнкъэ дэ борэнкІэ!

А борэнщ зэ къыкъуэумэ,
Къъуэн и къъуэцу фызэІищІэнщ.
КъущІитІъэщынщ дыгъэ бзийрикІ,
Дунеим хуиту дытеплъэнщ.

Си дахэкІей

(Уэрэд)

Сэ уэ узэрыслъагъуэр уи мафІэм сесыр,
Согъри - соукІытэ, сымыгъщ - сызэгъуоуд.
Мы дунеижьышхуэм жагъуэгъуэ щызикуэдщ,
Уэ си дуней,
Сыунэхъужа мыгъуи, уей!

Уи шыгъуэ цІыкІури кІэбдзкІэрэ уогъатхъуэ,
Уи лъагъуныгъэми сэ сигъэтхъуа мыгъуи, уей!
Жагъуэгъу зи мащІэм сытуи и насыпи,
Уэ си дуней,
Си гущхьэр кьытебэга мыгъуи, уей!

Мы ди Іуащхьэмахуэм дыгъэр кІэредзэ,
Сигу укъыщридзкІэ мафІэр
ТлъагъунытІэ мафІэр сыту къарууфІэ,
Уэ си дуней,
Жьыкъ сыхъури сылъэлъэжа мыгъуи, уей!

Гъатхэм и дахагъэм цІыхухэр дехьэхыр,
Сэ си псэр дэзыхьэхар «жагъуэгъуэ сфІагъэкІуэдаи.
Сызэгъэмыудыпэу зэ сынпІуплъэжтэм,
Си дахэкІей,
Дуней кІыфІыр нэху мыгъуэт, уей!

Тырку, Къайсэр

Къущхьэ Догъэн и къуэхэу Бесльэнрэ Жанкъатрэ. *2004 гъэ*

Къущхьэ Догъэн, Хьэткъуэ Яшар, Чурей Алий. *2003 гъэ*

Ортакей мэжджытым деж щыт шхапІэм. Къущхьэ Догъэн, Хьэгъундокьуэ Сэлисэт, Ширдий Маринэ, Догъэн и щхьэгъусэ Селмэ. *2005 гъэ*

«Каффед» хасэм и тхьэмадэ Гугъэв Джихьанрэ Къущхьэ Догъэнрэ ДАХ-м и Хасащхьэм и лэжьыгъэм хэтщ. *2011 гъэ*

● Унэгущэхэм папщIэ

IэфIу, теплъэ дахи иIэу

Куэдрэ щылъу зэкIуэкIыу щIэзыдза щIакхъуэм и мэр ар щахъумэ щIакхъуалъэм кIыщIщтэ щыIэщ. Абы щыгъуэ щIакхъуалъэр серчэкIэ ятхьэщIри, мэр мэкIуэд.

* * *

Лэпсым шыпс кIыхэфщIыкIын фи гугъэмэ, лыр вэным зы сыхьэт ныкъуэ къэнэжауэщ абы шыгъу щыхэвдзэнур.

* * *

Т эмэму укIэлымыплъурэ лэпсым къытрищIэ тхъурымбэр шыуан лъабжьэм етIысэхамэ, абы псы щыIэ тIэкIу хэпкIэмэ, ар и щхьэм кIыдокIуеижри, тыншу къытыбохыж.

* * *

Котлетым хэфлъхьэн джэдыкIэ фимыIэмэ, фымыгужьей. ДжэдыкIэм и пIэкIэ лы хьэжа грамм 250-м хуэзэу кIэртIоф хьэжьыгъэ бжэмышхышхуэ ныкъуэ хэфлъхьи, котлетыр зыкIэрыщIэщыну-кхъым, Iэфли хъунущ, теплъэ дахи иIэнущ.

* * *

Кофе кьыIэрагъабэ хьэкъущыкъум и кIуэцIыр кхъуэщыныфэфIыщIафэ ещI, ар кIэрефIыкIыж псым лимон бзыгъэ хэлъу кьэбгъэкъуалъэмэ.

* * *

Шхыныр щагъэхьэзырым кIэрисхьамэ, кIэструл кIуэцIым и лъабжьэр гъэкъэбзэжыгъуей щыхъу щыIэщ. Абы щыгъуэм кIэструлым шыгъушипс иту жэщым щагъэт, пщэдджыжьым мафIэ щIащIэ, шыгъушипсыр кьагъэхьуалъэрэ, ар кьабзэ мэхъуж.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Шхыныгъуэкэр

Джэш хьэнтхъупс, прунж, кIэртIоф хэлъу

ПСЫ ЩЫIЭМ хагъэпъа джэш пъэсар псы къэкъуалъэм хакIуэрэ, мафIэ щабэм тету сыхьэтитIрэ ныкъуэкIэ ягъавэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ, ИтIанэ щыгъу хадзэ, прунж лъэса халъхьэри зэIащIэурэ зэ кьытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр кьытрахыурэ, МафIэр щабэ ящI, шыуаныщхьэр трапIэрэ, зэIащIэурэ ягъавэ. ИтIанэ зэпэплIимэ цыкIуурэ упщIэта кIэртIоф халъхьэ, зэIащIэ, шыуаныщхьэр трапIэжри мафIэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Хьэзыр хъуа хьэнтхъупсыр пэшхьэкум кьытрахри бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгьын хаудэ. Шыуаныщхьэр трапIэжри дакьикитху-хыкIэ щагъэт. Iэнэм щытрагъэувэнум и деж хьэнтхъупсыр зэIащIэ, фаатъэ иракIуэрэ шатэпс тракIэж. Щакхъуэ даших.

Халъхьэкэр (зы цIыху ныхьэ):

Джэш хужьу - грамм 40
Прунжу - грамм 20
Псыуэ - грамм 800
КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 20
Шатэпсу - грамм 40
Шыгъуу, джэдгьну - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьам:

Тхъууэ - грамм 20
Бжьынищхъэ укъэбзауэ - грамм 320-рэ
Шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз

КIэртIоф мырамысэ, крупа еудауэ

КIэртIоф укъэбзар ятхьэщIри, IупщIэурэ яупщIатэ. Шыуаным ит псы кьэкъуалъэм халъхьэ, шыгъу тIэкIуи хадзэри хьэзыр хьуху шыуаныщхьэр тепIауэ, мафIэр щабэу ягъавэ. Шыуаныр пэшхьэкум кьытрах, зыхэвыкIа псыр кьыщIагъэж, мрамыкIуту шынакъ е кIэструл гуэрым иракIэ. Езы кIэртIофыр бэлагъкIэ яуб, зыхэвыхьа псыр щIакIэурэ. Ар хъдыр хуэдэу мэхъу. ИтIанэ кIэр тIоф ўбар зэрылъ шыуаныр пэшхьэкум трагъэувэри, бэлагъкIэ зэIащIэурэ крупа ираудурэ хьэзыр хъуху дакьикитху-хыкIэ ягъажьэ. Мырамысэ хуабэм дашх кхъуей, шатэ, шху, лыхэкI шхыныгъуэхэрэ.

Халъхьэкэр (цIыхуитI ныхьэ):

КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 500
Крупауэ - грамм 100
Зэрагъэвэн псыуэ - грамм 800
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● ГъэщIэгъуэнщ

КъыззрыщIэкIымкIэ...

Италием щыIэ Ортон кьалэм дэт тощ къудамэм письмо кьахуэкIуащ. Абы тетхат: «Ортон дэс уэчыл кьэкIыжьыпхъ. А тхыгъэм куэдрэ «кьикIуэхьащ» зыми кьащтэн ямыдзэ. Зэрэ зэрым, зэман зыкъом дэкIаущ, зы уэчыл гуэр тегушхуащ письмор зэтричыну. Конвертым ахьшэшхуэ кьыззрелыпх хъун чек дэлът, тхыгъи щыгъут: «КьыззрыщIэкIымкIэ, а уэзригутъэм хуэдэ дыдэу уакъыпшынэкъым уэ!».

Сыт зэджэр?

Урыс химик цIэрыIуэ гуэрым и деж щIэлъэдащ и унэм щылажьэ щалэр:

- Зиусхьэн, уи библиотекэм дыгъу къыщIыхьащ.

ЩIэныгъэлIым и лэжьыгъэр зэпимыгъэууэ щIоупщIэ:

- Сыт зэджэр?

Жэуап

Генералыр усакIуэм йоупщI:

- Кьызжеиэ?: акъылра хьэмэрэ акъылыншагъэра нэхъ хьэлъэр?

- Дауи, акъылыншагъэрщ, - жи усакIуэм.

- Ар сыт щхьэкIэ, - егъэщIагъуэ генералым.

- Жьажьэ унэмыс, сэ си гум щIэщIар зы щыщ, уэ шиплIым укъращэкI...

ЩIыIэм дисынутэкъым

Вольтер и унэм тхэн щIэзыдзагъащIэ усакIуэ ныбжьыщIэх эр нуэрэ щыплъагъур т. Франджы тхакIуэ цIэрыIуэм и гуапэу иригъэблагъэрт ахэр икIи чэнджэщ щхьэпэхэр яритыр т. Апхуэдэу зы щIымахуэ пшыхьэщхьэ гуэрым мафIэр щыплэнкI хьэкум и джабэм Iусу Вольтер усакIуэ ныбжьыщIэм ще даIуэм, къыпыгуфыкIри жиIащ:

- Уи Iэдакъэ къыщIэкIа мы у сэхэм мафIэ нэхъыбэ хэпъу, мы хьэкум уи усэ нэхъыбэ илъу щытамэ, мыпхуэдизу щIыIэм дисынутэкъым.

Зытхыжар
ШЫПШ Даянэщ.

● Сабийхэм папщIэ

Хэт и къуэр нэхъыфI?

ФЫЗИТIЫМ псыкъуийм псы кърахырт. Абыхэм ещанэр къабгъэдыхьащ. Абдеж апэгъунэгъуу щылъ мывэм къакIуэри кьытетIысхьащ зы лIыжь, зигъэпсэхуну.

Аратти, зы фызым адрейм жреIэ:

- Си къуэр бланэщ, Iэмалышщи, зыми хигъэщIэфынукъым.

- АтIэ сэ си къуэм жэнэтбзым хуэдэу уэрэд жеIэ. Апхуэдэ макъ зиIэ щыIэкъым, - жеIэ адрейм.

Ещанэр щымщ.

- Уэ зыри жыпIэркъыми уи къуэм щхьэкIэ, - жаIэ фызитIым.

- Сыт жысIэн, - и дамащхьэр дрегъуеи фызым. - СыщIыщытхъун бгъэдэлъу сщIэрктым абы.

Я пэгунхэм псы изу кърагъахъуэри, фызищри ежьэжащ. ЛIыжьри абыхэм яужь иувауэ макIуэ. КъоуныIэ фызхэр, загъэпсэху. Тыншкъым мо пэгун изхэр пхьыну, я Iэхэр егъэуз, я бгыр еIуантIэ.

Асыхьэтым ялъагъу щIалэ цIыкIуищ къажэу.

Зым зыщхьэпредз, шэрхъыу зегъэкIэрахъуэ - фызхэр ягъэщIагъуэу йоплъ.

Адрейм уэрэд жеIэ, кьыззроплъэ жэнэт бзууэ. Дихьэхауэ йодаIуэри щытщ фызхэр.

Ещанэр и анэм бгъэдэлъэдащи, пэгун лъэлъитIыр къыIех ихьыну.

ОСЕЕВЭ Валентинэ.
ЗэзыдзэкIар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

● Пхъэщхьэмыщхьэкэр

Хъурмэ

ХЪУРМЭР пхъэщхьэмыщхьэхэм я пащтыхьу кьалытэ. Абы и «хэжу» Китайращ, Европэм щыпсэухэм ар къызэращIыхурэ куэд щIакъым, илъэси 100-м нэблэгъами ращ. Зи фIагькIэ нэхъыфIу ябжыр япон хъурмэращ. Ар икIи нэхъ инщ, икIи гъуэжьыфэ-пльыжьыфэщ. Хъурмэр пшхыну IэфI дыдэщ. Абы и хьэлъагъым и Iыхьэ плIанэр зыубыдыр фруктозэмрэ глюкозэмрэщ. А тIур куэду зэрыхэлъым щхьэкIэ зи гум дагъуэ иIэхэм я дежкIэ сэбэпщ. Хъурмэм хэль фошыгъур Iэпкъ-лъэпкъым зыхухихыр гум екIуалIэ лъынтхуэхэщ. Гуэузым кьыхитхэзыхьу Кавказым и зыгъэпсэхупIэхэм кьакIуэхэм зы махуэм хуэзэу япон хъурми 2-3 ирагъэшх.

Къапщтэмэ, дэтхэнэ цIыхум дежкIи сэбэпщ махуэм хъурми 3 ишхыну. Абы шэ хуабэ щIыгъужмэ, зыхуэдэ щыIэкъым.

Псом нэхъ рэхъ ясэбэпу кьалытэр королёккIэ зэджэ хъурмэ лIэужьыгъуэращ. Псы зэбэкIа и пхъэщхьэмыщхьэм куэду хэльщ калий, кальций, фосфор, магний, гъущI, нэгъуэщI микроэлементхэри.

Апхуэдизу витаминыр зыхэль хъурмэр, королёкыр пшхыну зэрысэбэным кьыдэкIуэу IэфIш ивIи гуакIуэщ. Абы якъэ кIуэцIыр щыIэщ. Апхуэдизм дэж хъурмэр сыхьэт зыбжанэкIэ псы хуабэм хэбгъэльэмэ, фIы дыдэ мэхъу.

ДОХЪУШОКЪУЭ Санэ.

● Теплъэгъуэхэр



Щымахуэр пасэу къэсащ. *Налшык, щэкIуэгъуэм и 28.*
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ТхылъымпIэр къыщагупсысар

1962 гъэм ди къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэса студентхэм я бжыгъэр пIыкIэ нэхьыбэт, Индэжлыгъым, Италием, ФРГ-м зэгъуэгу щеджэм нэхьрэ. А лъхъэнэм ди хэкум исхэм ящыщу щыхуипIым языр еджэрт.

* * *

ГъущI лъэмыжхэр япэ дыдэу уухэм щыщIадзар Китай къэралыгъуэм и бгылъэ куейхэщ. Лъэмыж нэхъыжь дыдэу кьалытэр абы щыIэ Тату псым зэпрыкIыу фIащIарщ. Ар иджыри кьыздэсым мэлажь, щауху ар 1706 гъэрщ.

* * *

ТхылъымпIэм ещхь гуэрхэр япэу кьыщагупсысар ди эрэм и 105 гъэхэрщ.

● Фэ фщIэрэ?

* * *

Аммиакыр промышленностым и унэтIныныгъэ мини 2-м кьыщагъэсэбэп.

* * *

Лъэпкъ бэракъхэм нэхьыжь дыдэр датхэм яйрщ. ЩэкI плъыжьым хужьыкIэ тещIыхьа чрестыр кьыщагупсысар 1219 гъэращ.

* * *

Нэхум и псынщIагъыр япэ дыдэу кьэзыхутар астроном Ромерщ. Ар кьыщыхьуар 1675 гъэрщ.

* * *

Курыт лIэщIыгъуэхэм европэ къэрал псоми чырбыш щызэтралъхьэкIэ е блыным сэху щраткIэ кхъуейлъалъэ е джэдыкIэпс халъхьэу щытащ. ЗэрыжаIэмкIэ, ар куэдкIэ нэхъ быдэ хъурт бетоным нэхьрэ.

* * *

ЦIыхухъхэм жьакIэупс кьагъэсэбэпын зэрыщIадзэрэ илъэс минии 5 мэхъу. Абы щыхьэт тохъуэ археологхэм Месопотамием кьыщагъуэта мывэ пIащIэ IулыкIар.

* * *

Пощт Iуэхутхьэбзэ нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэр зэпщIэр Индонезиераш, Палан, Надинэ хыгIыгухэм я зэхуакум щызэкIуэ. Пощтзехъум и къалэнныр зыгъэзащIэр лъэныкъуитIми еуалIэ псыращ. Письмор пчулкIэм иралъхьэри, сыхьэт 24-рэ зэрыдэкIыу ар адрей хьтIыгум и Iуфэм нос.

КЪЭБАРТМир.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Хадэм ирагъэувэ бзугъащтэ. **7.** Азербайджаным и лыщхьэ. **10.** Мыпсыф, псыIагъэ зыщIэмыт. **13.** ЩыхухъуцIэ. **14.** Айтматов Чингиз дунэй псом цIэрыIуэ щызыщIа Iэщ Iагъэ. **15.** Дзэлыкъуэ щынатIэм хиубыдэ къуажэ. **15.** ... - Африкэм - IутIыж Борис и пьесэ. **18.** Псым и кууупIэ. **19.** «ХьэжыгъэI ... закъуэ» - ЩоджэнцыкIУ Алий и рассказ цIэрыIуэ. **21.** Губгъуэм кьыщрахьэIа гъавэр япэ щыкIэ щызэтракIуэ щыпIэ. **22.** Адыгэ уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист. **23.** Зэгъынэгъуу щыс унагъуэхэр. **25.** ... пьакъуэ щIэткъым. **29.** Ерыскьыпхъэ. **30.** Адыгеим и япэ президенту щытащ. **31.** Шэ нэхъыбэ кьыщIашын хьисэпкIэ жэмхэр зрагъафэ «пивэ». **32.** ГъэшхэкI. **36.** Iэщ Iэвыщ Iэ. **38.** ЛъэныкъуитIыр Iуэхукъ Iэ зэпызыщIэ. **40.** Шым и пльыфэ. **41.** Пасэрей адыгэ зауэлIхэм зэрахьэу щыта ... джанэ. **42.** Дзыдзэ пъэпкъым щыщ псэущхьэ щыкIу. **43.** Щымахуэм къащтэ щыгъэнымщыщ. **45.** Нэрынэ-нэрынэу зэрыс кIапсэ щыкIу. **47.** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор. **50.** Нэщ I исым и пщэдджыжьышхэ. **52.** ФадэхэкI. **53.** Пасэрей зауэлI пыIэ. **54.** Ахъшэ: гъущIхэкIыуи тхылъымпIэуи щыIэщ. **55.** МафIэ бзий кьыдихыу уафэм къыщоуэ.

Къехыу: **1.** Зи фэр фIыщIэ къуалэбзу е ... и шыр фIэдыгъэщ. **2.** Къэралым, республикэм и блэкIа зэманыр. **3.** Адыгэ тауныхьхэм узыщрихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ, ущхибл фIэту. **4.** «Ныкъусаныгъэ», «Сэкъат» псалъэхэм я пIэкIэ ари къэбгъэсэбэп мэхъу. **6.** Щхьэгъусэм и къуэш. **8.** Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим я щIыналъэхэм щежэх псы. **9.** МахуэщIэ. **11.** Зи цыр цIу шы къарэ. **12.** ... шэрхъ е юп. **15.** Дзэзешэм нэгъэщIу зэрдежэ. **16.** ЛъакIуэм зэтекIуа гуэр. **20.** ГуфIэгъуэ Iэнэм и нэхъыжь. **21.** Хьэпщхупщ. **22.** Щыгъэ лъапIэхэр кьызыхащIыкI. **24.** Шэщ. **26.** МэкъумэшыщIэхэм гъавэр зэщIакъуащ ... дамышIу. **27.** Ахъшэ жыгъей. **28.** Бадзэжь. **33.** Удз сыр пIэужьыгъуэ. Яшх. **34.** Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ Iэзэ Къуэ ... **35.** Къурш лъэныкъуэмкIэ щыпсэу къуалэбзуушхэ. **37.** Ди щIыналъэм щыIэ псыежэх. **39.** Зи кIапэ лъэныкъуэр упIэщIа гъущI, пхъэ иризэгуаудын папщIэ къагъэсэбэпу. **43.** Гъэт, письмо, журнал хуэдэхэм пыщIа Iэхъущапэ. **44.** Адыгэу зэтекIуа гуэр. **46.** Къуэрэ щыпсэу хамэ къэралхэм ящыщ зым и щыхьэр. **48.** Щыр зэрагъэпсэху кIапсэщхуэ. **49.** Диным пыщIа уэрэд. **51.** ЩыIэпсэу къэзышащIэ. **52.** ... джанэ е Iуданэ.

Зэхэзыхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩэкIуэгъуэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **8.** ЩIопщ. **9.** Мажьэ. **11.** Аргъуей. **12.** ЖыкIуэр. **13.** Гъубжэ. **14.** Кьуэды. **18.** Апий. **19.** Гущ. **20.** Ньуаз. **21.** Кьанж. **24.** Сокъур. **25.** Хьэрэ. **26.** Къурыкъу. **31.** Пхъэпс. **33.** Жумэрэн. **34.** Чэтэн. **35.** Шэрэдж. **36.** Псынабэ. **39.** Нэхулъэ. **44.** Джабэ. **45.** Тыхьужь. **48.** Щхьэп. **50.** Азэн. **51.** Есэп. **53.** Гъуей. **54.** Тхьэм. **55.** Сэмб. **57.** Тхьэв. **58.** «Лъапсэ». **60.** Кьудамэ. **62.** Сытхъу. **63.** Бжей.

Къехыу: **1.** Партизан. **2.** Домбей. **3.** Iущхьэ. **4.** Къумыкъу. **5.** Бжьэдыгъу. **6.** МэремыкIуэ. **7.** Яе. **10.** Вы. **15.** Бажэ. **16.** Пщы. **17.** Хьэсэ. **22.** Арму. **23.** Армэ. **25.** Хьэ. **27.** Къум. **28.** Хьэжьурт. **29.** Гъэунэ. **30.** Кьуэтахуэ. **32.** Сыдж. **34.** Чын. **37.** Собэ. **38.** Бжьын. **40.** Удж. **41.** Кхъужь. **42.** ТхьэкIумащIэ. **43.** Къулей. **46.** Самэ. **47.** Уззырмэс. **49.** КIей. **52.** ПхъэпIыч. **54.** Къуэжьей. **56.** Бахъуэ. **57.** Тобэ. **59.** Сэ. **61.** Дэ.

ГъащIэм и купщIэр

● Цыхушхэхэм я гупсысэхэр

ПСОРИ зи ныбжьэгъум зыри и ныбжьэгъукъым.

Дунейм фIыгъуэу тетыр ептми, ныбжьэгъунэгу псэуну хуей щIэкъым.

Къулейсызыгъэр е нэгъуэщI гуаузэ къыплъэIэсамэ, ныбжьэгъуращ уи щхьэр зэпхьэлIэр.

КъыдэуэлIа насыпым и IэфIагъыр кьыщыщIэр ди ныбжьэгъуэхэм кьытхуагъэдэха нэужьщ.

Ди ныбжьэгъуэхэр кьызэрыгушхуащIыну дыхуейм хуэдэ дыдэущ дэри дазэрыхуащIытын хуейр.

ЦIыхуэхэм я зэхущытыкIэр зэтеуухэным ехьэлIа гъуэзджэм зэ нэхъ мыхъуми егупсысар арэзы техъуэнущ къэралыгъуэ псом и къэкIуэнур зэлъытар кьыдэкIуэтей щIэблэр зэрыарам.

Сыт гъащIэм и купщIэр? - НэгъуэщIхэм защIэбгъакъуэу, фIы пщIэуэ дунейм утетынырщ.

Упсэуным кьикIыр Iуэху зэфIэбгъэкIын хуейуэ аращ, армыхьумэ зыгуэрхэр зэпльэфэлIэнракъым.

ПэщIэдзэр Iуэхум и Iыхьэ ныкъуэщ.

Сыт еджакIуэм и ехьулIэныгъэр зыхэльыр? - И пэ итыр дигуэнырщ, и кIэм итым памыпльэнырщ.

Пэжжагъэм и Iыхьэ гуэр кьызэхъуэтынщэу зэфIэбгъэкIынкIэ нэхъыфIщ, и кIэм нымыгъэсыфыну куэдым зеппщыт нэхърэ .

* * *

МЫ ПСАЛЪЭ Iущхэр зей алыдж философ Аристотель щыпсэуар ди эрэм и пэкIэ 384-322 гъэхэращ. Ар Платон и гъэсэну щытащ, ди эрэм и пэкIэ 343 гъэм ще-гъэжьауэ Аристотель Македонский Александр и егъэджакIуэу щытащ. Ди эрэм и пэкIэ 335 гъэм лицей кьызэIуихыгъат Аристотель. Аращ япэ гупсысэкIуэшхуэу щытар, цIыхум зэрызиужь лъэныкъуэ псори - социологиер, философиер, политикэр, логикэр, физикэр - кьызэщIэзыубыдэ философием и зэхэлъэкIэр къэзыхутар.

Аристотель ди эрэм и пэкIэ 384 гъэм Афон бгым пэмыжьыжь Стагир жылэм кьыщалъхуащ. Абы и адэ Никомах Аминтэ Ещанэр Македонием и пщымрэ абы и блигуIэтхэмрэ я дохутыру щытащ.

Ди эрэм и пэкIэ 369 гъэм Аристотель и адэ-анэр фIэкIуэдащ. Философ ныбжьыщIэр иПIыну кьыщташ Проксен (иужькIэ и цIэр куэдрэ фIыкIэ кьриIуащ абы Аристотель икIи адэ етIуанэ хуэхъуар лIа нэужь, и къуэ Никанор иПIыжащ). И адэм кьыхуигъэна мылъкур зытригъэкIуэдар щIэныгъэ зэгъэгъэтIырщ. А лъэхъэнэм тхыльхэр хуабжу лъапIэт, ауэ Проксен я нэхъ гъуэгуфIейри кьыхуищэхурт. Апхуэдэ щыкIэкIэ, и ныбжькIэ щIалэ дыдэу тхылъ еджэным дихьэхащ Аристотель. Адэ папщIэ хуэхъуам и нэIэ щIэту философ ныбжьыщIэм къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм я къэхъукIэр иджащ, иужькIэ абы теухуа лэжьыгъэ щхьэхуи къыдигъэкIыжауэ щытащ.

Аристотель алыдж щIэныгъэ зригъэгъуэтащ икIи а бзэращ игъэшэрыуэу щытари.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭЗамирэщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ЭХТЭХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬэкIымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьар Алик.**

КъыдэзыгъэкIыхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ Iапх эм ядолажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; гъэзджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапх эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынир и щIэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хьыбарыгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ Iапх эм №Н-0065-м щIэту агъащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редакторыу Жылаев Заурбэч, корректорхэу ЩхьэщымышI Из *(3, 4-нэ нап.)*, ПхытIыкI Юрэ *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырэкъан ФатIимэ. *Компьютерхэр газетым и теплъэр ящIащ* Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Биту Жаннэщ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тредзэн Iуэхущ сыхьэт 20-м, щытредзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.553● Заказ №3966